O`zbekstan Respublikasi’ xali’q ta`limi wazirligi

A`jiniyaz ati’ndagi’ No`kis ma'mleketlik pedagogikali’q instituti’.

PEDAGOGİKA FAKUL`TETİ

«PEDAGOGİKA HA`M PSİXOLOGİYA» KAFEDRASI

Pedagogika ha`m psixologiya ta`lim bag`dari’ni’n` 4-e kurs talabasi

**Allamuratova Mexriban Begimbaevnanin’**

# *BAKALAVR PİTKERİW QA`NİGELİK JUMISI*

Tema: **Mektepke shekemgi jastag’i balalardin’ psixikaliq rawajlaniwina shan’araqliq mu’nasibetlerdin’ ta’siri**

**Qorg`awg`a ruxsat**
**Pedagogika fakul`teti**
**dekanı, dots ________ Z.Klıcheva**

**Pedagogika ha`m psixologiya**
**kafedrası baslıg`ı,dots**
**____________Sh.Saparov**

**2015jıl «______» iyun**

**Ilimiy basshi`: ps.i.k. dots**
**___________ SH.Saparov**

**N o` k i s – 2015**

# Jobasi:

**Kirisiw**

**I – Bap. Mektepke shekemgi jastag'i balalardin' psixologiyaliq rawajlaniwinin' psixologiyada u'yreniliwi**

I.1. Mektepke shekemgi jastag'i balalardin' psixologiyaliq rawajlaniwi nizamliqlarinin' alimlar ta'repinen u'yreniliwi.

I.2. Mektepke shekemgi jastag'i balalardin' psixologiyaliq o'zgeshelikleri.

I.3. Balanin' shaxs bolip qa'liplesiwinde shan'araqliq mu'nasibetlerdin' orni.

**II - Bap. Mektepke shekemgi jastag'i balalardin' psixologiyaliq rawajlaniwina shan'araqliq mu'nasibetler ta'sirin eksperimental u'yreniw**

II.1 Mektepke shekemgi jastag'i balalardin' psixologiyaliq rawajlaniwina ta'sir etiwshi shan'araqliq mu'nasibetlerdin' psixodiagnostikasi.

II.2 Balanin' psixologiyaliq rawajlaniwina ta'sir etiwshi shan'araqliq mu'na'sibetlerdi aniqlaw metodikasi.

II.3 Balalardin' psixologiyaliq rawajlaniwina ta'sir etiwshi shan'araqliq mu'nsibetlerdi rawajlandiriwshi treningler.

**Juwmaq**

**Paydalanilg`an a`debiyatlar**

# K I R I S I W

Ma’mleketimiz sotsial-ekonomikaliq ma’nawiy-ma’deniy tarawlarinda a’melge asirilip atirg’an jan’alaniwlar protsesinde shan’araq ma’selesine itibar ma’mleket siyasati da’rejesine ko’terildi. A’lbette bul biykar emes, sebebi parlaq keleshegimizdin’ tiykar taslari shan’araqta qoyiladi. Jurtbasimiz Islam Karimov aytqanlarinday: «Xalqimiz a’yyem-a’yyemnen shan’araqti muqaddes dep bilgen. Aqiri shan’araq tatiw bolsa, ja’miyette tinishliq ha’m tatiwliqqa erisiledi, ma’mlekette tinishliq ha’m turaqliliq hu’kim su’redi. Shan’araq parawanlig’i – milliy parawanliq tiykaridir». Demek ma’mleketimizde shan’araq parawanlig’in ta’miynlew ma’mleketimizdin’ tiykarg’i maqseti. Prizidentimiz I.A.Karimov 2014-jildi “Salamat bala jili” dep jariyaladi.

Salamat bala jilinin’ tiykarg’i maqset ha’m wazipalari haqqinda so’z ju’riter ekenbiz “Perzentleri salamat jurt qudretli bolar, qudretli jurttin’ perzentleri salamat bolar” degen hikmetli so’zdi ja’ne bir ma’rte eske aliwimiz orinli boladi”-dep prizidentimiz o’z bayanatlarinda atap o’tkenlerindey, salamat perzent ta’rbiyasina ata-babalarimiz azel-azelden o’z aldina itibar menen qarag’an bolsa, jurt keleshegin quriwda juwapker bolg’an perzentlerdin’ salamatlig’in qorg’aw wazipasi bu’gin jurtimizda ma’mleket siyasati da’rejesine ko’terilgen. Bul tarawda salamat perzentti dunyag’a keltiriw, bilim beriw, sport penen shug’illaniwina o’z aldina itibar qaratilmaqta.

O’zbekistanda shan’araq, analiq ha’m balaliqti sotsial qorg’aw, olardi ha’r ta’repleme kamal tabiwi ha’m parawanlig’i ushin sha’rt-sharayatlar jaratiw ma’mleket ta’repinen kepillengen. Sol orinda shan’araq barisinda ma’mleket siyasatinin’ sol ko’riniste nizam menen kepillengenligi, bul kepilleniw za’ru’rligi to’mendegilerge tiykarlang’an.

Birinshiden, salamat perzentlerdin’ tuwiliwi tek shan’araqti bekkemlep qalmay, ba’lki bizden perzentlerimiz ta’lim ha’m ta’rbiyasi, bilim aliwi, sport penen shug’illaniwi ushin ko’birek itibar qaratiw imkanin beredi.

Ekinshiden, shan’araqta salamat perzentlerdin’ kamal tabiwi ushin sotsial ta’repten qollap-quwatlaniwi keleshek iyelerinin’ ma’plerin qorg’ap, olardin’ ja’miyet o’mirinde kapalatli oring’a iye boliwin ta’miynleydi.

U’shinshiden, « Salamat ana-salamat bala » sotsial ha’reketinin’ jen’isi, hayal qizlardin’ shan’araq ha’m ja’miyettegi orinlarinin’ asiwi, olardin’ sotsial-siyasiy belsendiliginin’ asiwinin’da real tiykari bolip esaplanadi.

Barkamal awlad yaki kamil insan ideyasi-ha’m milliy ha’m uliwmaliq a’hmiyetke iye bolg’an, adamzat fizikaliq ka’millikti payda etken, oni barqulla jaqsiliqqa baslaytug’in ideya bolip esaplanadi. Solay eken g’arezsiz ma’mleketimizde ha’r bir shaxsti, a’sirese, o’sip kiyatirg’an awladimizdi ha’r ta’repleme rawajlandiriwdin’ ilimiy ha’m a’meliy tiykarlarin jaratiw barliq pa’nlerdin’ aldinda turg’an quramali ha’m a’hmiyetli ma’selelerden biri bolip tabiladi. Bul protseste pa’n shaxsti ha’r ta’repleme rawajlandiriw ushin za’ru’r bolg’an en’ na’tiyjeli sha’rt-sharayatlarin u’yrenedi. Ha’mde shaxsti rawajlaniw nizamliliqlari ha’m ko’rsetkishlerin, za’ru’rli faktorlarin biliwge, shaxstin’ qa’liplesiw basqishlarin aniqlaw menen birge bul protseste ta’lim- ta’rbiyanin’ ha’mde shaxs aktivliliginin’ za’ru’rligin ha’r ta’repleme aship beredi.

Biz perzentlerimizdin’ tek g’ana fizikaliq ruwxiy jaqtan deni saw boliwi menen birge, al olardin’ intellektual bilimlerge iye bolg’an, toliq rawajlang’an insanlar bolip, XXI a’sir talaplarina toliq juwap beretug’in na’wqiran a’wlad bolip kamalg’a keliwi ushin za’ru’r barliq imkaniyat ha’m sharayatlardi jaratiwdi o’z aldimizg’a maqset etip qoyg’anbiz.

Usi ku’nlerde hu’kimetimiz ta’repinen usi ma’sele boyinsha qabil etilgen Ma’mleketik da’stu’ri ha’m ma’mleketlik emes dereklerdi esapqa alg’an halda, bar bolg’an barliq resurs ha’m imkaniyatlarimizdi sariplawdi ko’zde tutadi. degen edi Prizidentimiz o’zinin’ “Yuksak ma’naviyat-engilmas kuch” shig’armasinda.

Ma’mleketimizde ha’r ta’repleme rawajlang’an, jan’a ha’m demokratiyaliq ja’miyetti du’ziwge pu’tkil intasi menen qatnasa alatug’in sap deneli, ruwxiy

dunyasi bay, emotsionalliq jag’inan ziyrek, sotsial jag’inan belsendi, shaxsti qa’liplestiriw O’zbekistanda “Bilimlendiriw haqqindag’i” ha’m “Kadrlar tayarlawdin’ milliy bag’darlamasin” a’melge asiriwdin’ og’ada a’hmiyetli ma’selelerdin’ biri bolip esaplanadi. Sonliqtanda ma’mleketimiz bilimlendiriw mekemelerinin’ huquqiy biyligin, oqitiwshilar menen ta’rbiyashilarg’a degen itibardi arttiriw ushin mu’mkinshiligi barinsha barliq adamlardin’ bir-birin tu’siniwi, bilisiwi, o’z-ara baylanisli bir-birine ta’sir etiwi, birlesip ja’maat tu’rinde jasaw mu’mkinshiligin beretug’in en’ ku’shli, qolayli qural esaplanip kelgen.

Ha’r bir shan’araqtin’ salamat boliwi olarda jaqsi psixologiyaliq iqlimnin’ hu’kim su’riwi, mine usi ortaliqta dunyag’a kelip shaxs sipatinda qa’liplesip, son’ o’zi jasap atirg’an ma’mlekettin’ puqarasi sipatinda sol ma’mlekettin’ ekonomikasi, sotsial o’mir rawajin ta’miynlewshi, sheshiwshi faktor bolg’an insan kamalatinda shan’araqtin’ orni, a’hmiyeti u’lken. Insaniyat ja’miyeti rawajlanip barg’an sayin insanlardin’ o’zleri de, olardin’ bir-biri menen bolatug’in o’z-ara mu’nasibetleride ayniqsa shaxslar ara mu’nasibetler arasinda en’ aq kewil en’ jaqin bolg’an shan’araq mu’nasibetleride jetilisip o’zine ta’n ra’wishte quramalasip baradi. Shan’araq nekenin’ payda boliwina sebepshi faktorlardan biri ayniqsa, bizdin’ sharayatimizda, perzent tuwiliwi esaplanadi. Perzendsiz er-ha’yel baylanislarin uliwma shan’araqliq mu’nasibetlerdi ko’z aldimizg’a keltiriwimiz qiyin.

Shan’araqliq mu’nasibetler bala ta’jreybesinin’ tiykarlarinan biri ondag’i ata-ana shan’arag’i ta’sirinde qa’liplesetug’in sotsial minez-quliq. Yag’niy o’z-ara isenim, o’zin o’zi bahalaw, Men konsepsiasi ata-anasi, ag’a-inileri, ajapa-sin’lileri ta’sirinde bala sanasinda qa’liplesetug’in qa’siyetler. Bala ata-anasinin’ o’z-ara qarim-qatnasina qarap, o’miri dawaminda gu’zetip, bilip bilmey olarg’a eleklep, tinishliqta, o’z-ara tatiwliqta jasawg’a u’yrense ag’a-ini, ajapa-sin’lilerine qarap, ja’miyettegi quramali o’z-ara ma’mile halatlarinda o’zin qanday tutiwg’a u’yrenedi, o’mirdin’ ma’nisin tu’sinip baradi, dunya qarasi,

dunyaliq ha'mde diniy isenimlerinin' qa'liplesiwide usi mu'nasibetler ta'sirinde ju'z beredi. «Balanin' sanasi tiykarinan 5-7 jasta qa'liplesiwin inabatqa alatug'in bolsaq, tap sol da'wirde onin' qa'lbinde shan'araqtag'i ortaliq ta'sirinde ma'nawiyattin' da'slepki bo'rtikleri ko'rine baslaydi. Xalqimizdin' "Qus uyasinda ko'rgenin qiladi" degen dana maqali, oylayman usi a'zeliy haqiyqatti aniq sa'wlelendiredi » I.A.Karimov.[1]

Bala o'zine jaratilg'an mu'nasibet ma'deniyatin atraptag'ilarg'a qarap qabil qiladi. Atraptag'ilardin' is-hareketleri bala ushin bir ayna wazipazin orinlaydi. Bala esitken ha'm ko'rgen ha'mme na'rsesin eslep qaladi. Ha'tte og'an aytilg'an ha'r bir ga'p ha'm ko'rsetilgen ha'r qanday is ha'reket onin' sanasinda bekkemlenedi. Dunyada balalar siyaqli eleklew ustasi bolmasa kerek desek qa'telespeymiz. O'rnek aliw bala tuwiliwi menen aq baslanip ol u'lkeygen sayin bunday qabiliyet rawajlanip baradi.

Joqaridag'i pikirlerden kelip shiqqan halda Mektepke shekemgi jastag'i balalardin' psixologiyaliq rawajlaniwina shan'araqliq mu'nasibetlerdin' ta'sirin ha'r ta'repleme u'yreniwimiz elede bolsa bul tarawda izleniwlerdin` kerekligin ko`rsetti. Sonliqtanda biz, pitkeriw qa'nigelik jumisimiz boyinsha tan`lag`an temamizdin` **aktuallig`ina** o`z isenimimizdi payda ettik.

**Pitkeriw qa`nigelik jumisimizdin` maqseti** Mektepke shekemgi jastag'i balalardin' psixologiyaliq rawajlaniwina shan'araqliq mu'nasibetlerdin' ta'sirinin' psixologiyaliq ha'm sotsial ta'replerin u'yreniw, baha beriw, mektepke shekemgi jastag'i balalardin' psixologiyaliq rawajlaniwina shan'araqliq mu'nasibetlerdin' ta'sirin aniqlawg'a baylanisli bolg'an metodlardi belgilew ha`m oni ma`mleketlik a`meliyat da`wirindegi ta`jiriybem de sinap ko`riw ha`m baqlag`anlarim, sinap ko`rgenlerim boyinsha tiyislisinshe a`meliy usinislardi islep shig`iwdan ibarat.

[1] Yuksak ma'naviyat yengilmas kuch.I.A.Karimov.T.:<<Manaviyat>>.2008.53-b

Joqarida atap o`tilgen pitkeriw qa`nigelik jumisimizdin` maqsetinen kelip shig`a otirip biz o`z aldimizg`a bir qatar to`mende ko`rsetilgen **waziypalardi da** belgiledik. Bul waziypalar:

- Mektepke shekemgi jas da’wri haqqinda teoriyaliq qaraslardi ha’mde emperik mag’liwmatlardi analiz qiliw.
- Bag’darlang’an metodlar arqali mektepke shekemgi jastag’i balalardin’ psixologiyaliq rawajlaniwina shan’araqliq mu’nasibetler ta’sirinin’ qanday qa’lipleskenligin aniqlaw.
- Empirik jol menen aling’an mag’liwmatlardi qayta islew.
- Aling’an na’tiyjeler tiykarinda tiyisli juwmaqlardi shig’ariw ha’m a’meliy usinislardi islep shig’iw.

Pitkeriw qa`nigelik jumisimizdin` **ob`ekti** Mektepke shekemgi jastag’i balalar boldi.

Pitkeriw qa`nigelik jumisimizdin` **predmeti** Mektepke shekemgi jastag’i balalardin’ psixologiyaliq rawajlaniwina shan’araqliq mu’nasibetlerdin’ ta’sir etiw ha’m qa’liplesiw mexanizmleri.

Pitkeriw qa`nigelik jumisimizdin` ilim-izertlew **metodi** sipatinda baspa so`z materiallari u`yrenildi. Sonday-aq -A.Ya.Varga ha’m V.V.Stolinnin’ “ Pedagog ha’m ata-analardin’ balalarg’a mu’nasibeti” test sorawnamasi, G.Xomentaskas ta’repinen islep shig’ilg’an taniqli “Shan’araq suwreti” testi, baqlaw, gu`rrin`, anketa, test, sorawnama, matematikaliq modellestiriw metodlari ken`nen paydalanildi.

Pitkeriw qa`nigelik jumisimizdin` **gipotezasi:** Mektepke shekemgi jastag’i balalardin’ psixologiyaliq rawajlaniwina shan’araqliq mu’nasibetler ta’siri haqqinda ha’r qiyli sa’wbetler, ushrasiwlar, sotsial psixologiyaliq treningler ha’m metodikalar o’tkeriw o’z na’tiyjesin beriwi mu’mkin.

Prizidentimiz I.A.Karimovtin’ balalar ta’rbiyasina baylanisli miynetleri, shig’is oyshillarinan Abu Rayhon Beruniy, Abu Ali Ibn Sino, Kaykovus, Alisher Nawayi siyaqli oyshillardin’ qatar miynetleri, L.S.Vigotskiydin’

“Joqari psixikaliq funksiyalar qa’liplesiwi haqqindag’i nizami”, A.N.Leontyev ”xizmet teoriyasi”, o’zbek psixologlari G’.Shaumarov, E.G’oziev, Z.Nishanova, R.Sunnatovalardin’ mektepke shekemgi jastag’i balalar haqqindag’i teoriyaliq qaraslari sonday–aq «Bilimlendiriw haqqinda»g`i Nizam ha`m «Kadrlar tayarlaw milliy da`stu’ri» ha`m t.b. pitkeriw qa`nigelik jumisimizdin` **metodologiyaliq tiykari** bolip xizmet atqardi.

Pitkeriw qa`nigelik jumisimizdin` **teoriyaliq ta`repten a`hmiyeti** sonnan ibarat, bunda shan’araqta ata-analardin’, shan’araq ag’zalarinin’ mektepke shekemgi jastag’i balalari menen bolatug’in mu’nasibetlerin o`nimli paydalana biliwge a`detlendiriw mashqalasi, bul iste ku`ndelikli basilma ha`m internet materiallarinan paydalaniw ma`seleleri, mektepke shekemgi jastag’i balalardin’ psixologiyaliq rawajlaniwina shan’araqliq mu’nasibetlerdin’ ta’siri a`meliyati ha`r ta`repleme ko`rip shig`iladi, salistiriladi.

Al **a`meliy jaqtan a`hmiyeti** sonnan ibarat, bunda aling`an baspa so`z materiallari ha`m gu`rrin`lesiw, baqlaw, anketa, test, sorawlarina aling`an juwaplardi tallaw materiallarina tiykarlana otirip juwmaq jasaladi. Bul o`z gezeginde ata-analardin’ mektepke shekemgi jastag’i balalari menen bolatug’in mu’nasibetlerin mazmunli o`tkeriw islerine qolayli imkaniyatlar jaratip beriwine mu`mkinshilik tuwdirip beredi.

Pitkeriw qa`nigelik jumisimizdi orinlaw barisinda internetten aling`an materiallardan, pedagoglar ha`m ata-analar ushin jergilikli baspa so`z betlerinde ja`riyalang`an maqalalardan, metodikaliq qollanbalardan o`zinin` orni orninda paydalanip bardiq. Sonday-aq 2014-jili Respublikaliq talabalar II-basqish Psixologiya boyinsha pa’n olimpiadasinda usi Mektepke shekemgi jastag’i balalardin’ psixologiyaliq rawajlaniwina shan’araqliq mu’nasibetlerdin’ ta’siri temasinda referat jumisi menen qatnasip **oprabatsiyadan o’tkerildi** ha’m Respublika boyinsha III-oring’a mu’nasip dep tabildi.

Pitkeriw qa`nigelik jumisimiz **o`z qurilisi boyinsha** uliwma 60 betten ibarat bolip, ol kirisiw, eki bo`lim, juwmaqlaw ha`m paydalanilg`an

a`debiyatlar ko`rsetkishlerinen ibarat. Jumisimizda paydalanilg`an a`debiyatlar sani 35 atamani quraydi.

Kirisiwde pitkeriw qa`nigelik jumisimiz temasinin` aktuallig`i, maqseti, tiykarg`i waziypalari, predmeti, gipotezasi, onin` metodologiyaliq tiykarlari, alip barilg`an ha`m paydalanilg`an izertlew metodlarimiz, jumisimizdin` teoriyaliq ha`m a`meliy jaqtan a`hmiyetleri, jumisimizdin` uliwma qurilisi haqqinda so`z ju`ritiledi.

«Mektepke shekemgi jastag'i balalardin' psixologiyaliq rawajlaniwinin' psixologiyada u'yreniliwi» dep ataliwshi birinshi bo`limde da`slep Mektepke shekemgi jastag'i balalardin' psixologiyaliq rawajlaniwi nizamliqlarinin' alimlar ta'repinen u'yreniliwi haqqinda mag'liwmatlar beriledi. Sabaqliqlar ha'm internet materiallarina tiykarlang'an halda mektepke shekemgi jastag'i balalardin' psixologiyaliq o'zgeshelikleri haqqinda mag'liwmatlar keltiriledi. Bul mag'liwmatlar arqali mektepke shekemgi jastag'i balalardin' psixik o'zgeshelikleri haqqinda qiziqli mag'liwmatlar keltiriledi. Bul bo'limnin' son'inda balanin' shaxs bolip qa'liplesiwinde shan'araqliq mu'nasibetlerdin' orni haqqinda tu'sinik ha'm pikirler keltiriledi.

«Mektepke shekemgi jastag'i balalardin' psixologiyaliq rawajlaniwina shan'araqliq mu'nasibetler ta'sirin eksperimental u'yreniw» dep ataliwshi ekinshi bo`limde Mektepke shekemgi jastag'i balalardin' psixologiyaliq rawajlaniwina shan'araqliq mu'nasibetlerdin' ta'sirin aniqlawg`a baylanisli alip barilg`an izertlew jumisimizdin` geypara na`tiyjeleri menen mektepke shekemgi jastag'i balalardin' psixologiyaliq rawajlaniwina shan'araqliq mu'nasibetlerde unamli qarim-qatnas ornata aliw, ata-analar balalari menen o'z waqitlarinan o`nimli paydalaniwg`a imkaniyat beriwshi bazi bir boljawlarimiz ha`m usinislarimiz beriledi.

Jumisimizdin` son`inda tiyisli izertlew na`tiyjelerine tiykarlang`an juwmaqlar beriledi ha'mde paydalanilg`an a`debiyatlarimizdin` dizimleri ko`rsetiledi.

## I – Bap. Mektepke shekemgi jastag'i balalardin' psixologiyaliq rawajlaniwinin' psixologiyada u'yreniliwi

### I.1. Mektepke shekemgi jastag'i balalardin' psixologiyaliq rawajlaniwi nizamliqlarinin' alimlar ta'repinen u'yreniliwi.

Shig'is oyshillarinan Muhammad ibn Muso al-Xorazmiy, Abu Nasr al-Farobiy, Abu Rayhon Beruniy, Abu Ali Ibn Sino, Muhammad Kashgariy, Yusub Xos Hojib, Kaykovus, Alisher Nawayi, Xusayin Voiz Koshifiy siyaqli oyshillardin' qatar miynetlerinde balalardi ma'nawiy-a'dep-ikramliliq ta'rbiyalaw ma'seleleri ortag'a tartilg'an ha'm olardi sheshiw jollari ko'rsetip berilgen. Beruniy bala ta'rbiyasinda na'sil ha'm ta'rbiya ta'sirin birdey a'hmiyetli ekenligin qaytalap o'tedi. Beruniy ata-anani, shan'araqti jaratiwshilar ekeni, olar arasindag'i ku'shli hu'rmet ha'm muxabbat a'lbette balalar qulqi ha'm ta'rbiyasina ta'sir etiwi haqqinda pikir ju'ritedi.

Shan'araq ha'm shan'araqta bala ta'rbiyasi ma'selesi Abu Ali Ibn Sinonin' ilimiy miyrasindada a'hmiyetli orin iyeleydi. Ol o'zinin' qatar miynetlerinde balanin' salamatlig'i, onin' ta'rbiyasi haqqinda, en' a'hmiyetlisi bala ruwxiyatin u'yreniw barisinda ko'plep qimbatli pikirlerin jazadi.

Ibn Sinonin' "Tadbiri al manozil" atli miynetinde u'lken bir bap shan'araq ha'm shan'araqliq ma'selelerge bag'ishlanadi. Ibn Sino shan'araqta bala ta'rbiyasi ju'da quramali ha'm na'zik bolip oni balanin' jaslig'inan baslap ha'm izshillik penen alip bariw lazimlig'in uqtiradi.

Yusup Xas Hajip o'zinin' "Qutadg'u bilig" inde bala ta'rbiyasi haqqinda toqtalip sonday jazadi: " Perzent qanshelli bilimli, aqilli, esli bolsa, ata-ananin' ju'zi sonshelli jariq boladi". Ol bala ta'rbiyasinda atanin' juwapkershiligine o'z aldina itibar qaratadi.

A.Nawayi shan'araqtag'i ayrim illetler ha'm o'z – ara kelispewshiliklerdi bala ta'rbiyasina keri ta'siri ha'm onin' buziliwina sebep boliwshi tiykarg'i faktorlar

haqqinda da jazadi. Jaqsi ha'm jaman quliqlar ha'm olardin' kelip shig'iw sebeplerin ko'rsetip beredi.

Fransuz psixologi E.Dyurkgeym, u'lkeyiw-insanlardin' sezimlerdi o'zlestiriwi ekenligi sol sebepli, qabil qiling'an elesler balanin' ruwxiy xizmetin ipadalawi, balanin' ta'jreybe, da'stu'r, u'rip-a'detlerdi eleklew arqali iyelewin biologiyada na'sil qansheli a'hmiyetli bolsa, eleklewde ja'miyette sonday orin tutiwin uqtiradi.

L.S.Vigotskiy (1896-1934) en' taniqli rus psixologi ha'm filosoflarinan biri. Alim o'z ilimiy qaraslarinda ilgeri su'gen ko'plep ideyalar tuwridan-tuwri balalardin' psixologiyaliq rawajlaniwina baylanisli. L.S. Vigotskiydin' joqari psixikaliq funktsiyalar qa'liplesiwi haqqindag'i nizami balalar ta'rbiyasi ha'm ta'limin a'melge asiriwda u'lken a'hmiyetke iye. L.S.Vigotskiydin' izleniwleri joqari psixikaliq funktsiyalar, yag'niy iqtiyariy este saqlaw ha'm diqqat, oylaw, erklik ha'reketlerdi tuwridan-tuwri miydin' xizmeti menen tu'sindirip bolmaslig'in, bul funktsiyalardin' ma'nisin tu'siniw ushin olardin' tamirlarin organizmnen sirttag'i sotsial ortaliqtan izlew lazimlig'in ko'rsetedi. L.S. Vigotskiydin' ilimiy qaraslari sotsial ortaliq a'hmiyetin aniqlastiriwda a'hmiyetli tiykar bolip xizmet qiladi.

L.S.Vigotskiydin' pikrinshe, ortaliq joqari psixikaliq funktsiyalardin' izertlew deregi bolip tabiladi. Adamnin' psixikaliq rawajlaniwi xizmettin' tariyxan qa'liplesken tu'rleri ha'm usillarin o'zlestiriw arqali keshedi. Ma'deniy-tariyxiy konseptsiyanin' a'hmiyetli ideyalarinan biri rawajlaniwdin' en' jaqin zonasi haqqindag'i teoriyaliq qarastan ibarat. Rawajlaniwdin' en' jaqin zonasi-bala rawajlaniwinin' ha'zirgi waqittag'i da'rejesi menen keleshekte erisiwi mu'mkin bolg'an shamali da'rejesi ortasindag'i waqtinshaliq masapadan ibarat. Balanin' aktual rawajlaniw da'rejesi onin' bu'gingi ku'ndegi rawajlaniw da'rejesin, bala rawajlaniwinin' en' jaqin zonasi ertengi ku'nde bala o'z rawajlaniwinda erisiwi mu'mkin bolg'an rawajlaniw da'rejesin ipadalaydi. Rawajlaniwdin' en' jaqin zonasi bala u'lken adam ja'rdemi menen orinlay

alatug'in wazipalar da'rejesi belgileydi. Eger bala o'zi ushin qiyin bolg'an wazipani u'lken adam ja'rdemi menen orinlay alsa, bul wazipa bala rawajlaniwinin' en' jaqin zonasinda jaylasqan boladi.

L.S.Vigotskiydin' pikrinshe, psixikaliq rawajlaniwdin' ha'reketlendiriwshi ku'shi ta'lim. Ta'lim psixikaliq rawajlaniwdi o'z artinan tartadi ha'm oni tezlestiredi. Ol ku'tilgen na'tiyjeni beriwi ushin rawajlaniwdan aldin boliwi, yag'niy rawajlaniwdin' en' jaqin zonasina mo'lsher aliwi lazim.

L.S.Vigotskiy o'z konsepsiyasinda bala psixikaliq rawajlaniwinin' to'rt tiykarg'i nizamin ta'riyplep berdi. Bul nizamlar to'mendegilerden ibarat:

1. Bala rawajlaniw ritmlerinin' parqlaniw nizami. Bul nizamg'a ko're balanin' rawajlaniwi o'z ko'rinislerine iye, bul ko'rinisler waqit ritmine tuwri kelmeydi.

2. Bala rawajlaniwindag'i metamorfoza nizami. Bul nizamg'a ko're, rawajlaniw sipat o'zgerislerdin' shinjirinan ibarat. Bala kemrek biletug'in qolinan kemrek na'rse keletug'in adam emes, ba'lki psixikasi sipat ta'repinen u'lkenler psixikasinan parqlaniwshi janzatdir.

3. Bala rawajlaniwinin' tegis emeslik nizami. Bul nizamg'a ko're, bala psixikasinin' ha'r bir ta'repi o'z rawajlaniwinin' optimal da'wrine iye boladi, ha'r qiyli psixik funktsiyalar tegis emeslik, noproportsianal rawajlanadi.

4. Joqari psixik funktsiyalardin' qa'liplesiw nizami. Bul nizamg'a ko're, ha'r qanday joqari psixik funktsiya aldin balanin' atraptag'ilar menen bolg'an mu'nasibetinde ko'rinedi, keyinsheli ol individual tarawg'a ko'shedi. Sonday-aq L.S. Vigotskiydin' qaytalawinsha, bala rawajlaniwinda turaqli da'wirler krizisli da'wirler menen almasadi. Krizisler eki jas da'wri tutasqan orinda, bala psixikasi ha'm minez-qulqindag'i eski o'zgesheliklerdin' jog'alip, jan'alari qa'liplesiwi da'wrinde ju'z beredi.

Demek, L.S. Vigotskiy psixologiyada ma'deniy-tariyxiy jandasiwg'a tiykar salg'an. Bul jandasiw balalar psixologiyasindag'i teoriyaliq ha'm a'meliy mashqalalardi sheshiwde de u'lken a'hmiyetke iye.

L.S. Vigotskiydin' pikri boyinsha baqsha jas da'wri ta'lim da'stu'ri:

1) balani mektep da'stu'rine jaqinlastiriwi, onin' bilim shen'berin ken'eyttiriw, predmetli ta'limge tayarlawi;

2) balanin' o'z da'stu'ri boliwi ha'm de onin' qizig'iwi ha'm mu'tajliklerine juwap beriwi lazim.

Sonday-aq, L.S.Vigotskiy balanin' psixikaliq rawajlaniwinda, ta'limnin' jetekshi ro'li haqqindag'i nizamdi ilgeri su'rdi ha'm aniq ipadaladi: ta'lim rawajlaniwdan aldinda baradi ha'm o'zinin' arqasinan oni jetekleydi.

A.N.Leontyev (1903-1979)- taniqli rus psixologi, xizmet teoriyasinin' tiykarshilarinan biri. Xizmet teoriyasi sana ha'm xizmet birligi prinsipine tiykarlang'an. Xizmet-bul aktiv, maqsetke bag'darlang'an jarayan bolip tabiladi. A.N.Leontyev o'z izlenislerinde xizmettin' bala rawajlaniwina ta'siri mashqalasinda shuqir u'yrengen. Izertlew na'tiyjesinde xizmet teoriyasi shen'berinde 'Jetekshi xizmet' tu'sinigi qa'liplesti. Jetekshi xizmet degende rawajlaniwdin' belgili bir da'wrinde bala shaxsindag'i tiykarg'i psixologiyaliq o'zgesheliklerge sebep boliwshi xizmet tu'siniledi. Mektepke shekemgi jas da'wrinde jetekshi xizmet oyin xizmeti bolip tabiladi. Bir jas da'wrinen ekinshisine o'tiwde jetekshi xizmet tu'ri o'zgeredi, bunda bala xizmetinde maqsettin' motivge aylaniwi, A.N.Leontyev qarasi menen aytqanda "motivtin' maqsetke ko'shiwi" gu'zetiledi. Jan'a xizmet tu'ri jan'a motivler payda bolg'annan keyin ju'zege keledi.

A.N.Leontyev pikrinshe, shaxs eki ma'rte tuwiladi, shaxstin' birinshi tuwiliwi mektepke shekemgi jas da'wrine tuwri keledi. Bul ha'diyse insannin' o'z impulsiv is-ha'reketlerin sotsial normalarg'a boysindiriwg'a da'slepki uriniwi, motivler ortasinda ierarxik mu'nasibetlerdin' qa'liplese baslawi menen baylanisli boladi. Shaxstin' ekinshi tuwiliwi o'smirlik da'wrinde ju'z beredi. Bul ha'diyse insannin' o'z motivleri ha'm intiliwlerin an'lawi ha'm olardi boysindiriwi menen baylanisli.

Sonday qilip, A.N. Leontyevtin’ ilimiy qaraslari ja’ha’n psixologiya pa’ni rawajlaniwinda u’lken u’les bolip qosildi, olar balalar psixolgiyasi tarawinda ko’plep teoriyaliq ha’m a’meliy mashqalalardi sheshiw ushin da tiykar bolip xizmet qilmaqta.

V.N.Myasishchev (1892-1973)-rus psixologi, shaxs mu’nasibetleri konseptsiyasinin’ do’retiwshisi. Bul konseptsiya boyinsha, shaxstin’ tiykarin onin’ atrap a’lemge ha’m o’z-o’zine bolg’an mu’nasibetler dizimi quraydi. V.N. Myasishchev insannin’ rawajlaniwina xizmettin’ ro’lin kemsitpegen halda adamlar ortasinda sheriklik, o’z-ara ja’rdemdi talap qiliwshi mu’nasibetler quram tappag’an taqdirde xizmettin’ o’zi tiykarg’i psixik sipatlardin’ qa’liplesiwinde neytral protses bolip qaliwi mu’mkin, degen juwmaqqa keledi.

V.N. Myasishchev o’z ilimiy qaraslarinda mu’nasibetlerdin’ biliw protsesleri menen bolg’an baylanisin jaritip beriwge uring’an. Qabil etiwdin’ bekkemligi aktiv unamli mu’nasibetti talap qiladi, obiektge qarata biyparq mu’nasibet hu’kimran bolg’an sharayatta qabil qiliw protseside turaqsiz boladi. Qabil etiwdin’ tan’lawshan’lig’i da tu’rli obiektlerge qarata insan tu’rlishe mu’nasibette boliwi menen baylanisli. Birar mag’liwmatti bekkem eslep qaliw da og’an bolg’an qizig’iw ha’m emotsional mu’nasibetke baylanislilig’i ko’plep ta’jreybelerde o’z ko’rinisin tapqan.

Insannin’ rawajlaniw ma’selesinde V.N. Myasishchev mu’nasibetlerdin’ qa’liplesiwi menen u’zliksiz baylanistiradi. Gu’zetiwler ha’m ta’biyiy eksperimentlerdin’ ko’rsetiwinshe, sha’rtsiz reflektor ta’sirinde reaktivlik payda boladi. Eki – u’sh jastan baslap balalar ju’da aniq ipadalaniwshan’ boliwshi tan’lawshan’ mu’nasibetlerdi ko’rsetedi. Bul mu’nasibetler arasinda ata-anasina, balalarg’a, ta’rbiyashilarg’a, oyinlarg’a bolg’an mu’nasibet, ayniqsa, jarqin ko’zge taslanadi. Mu’nasibetlerdin’ ayrim o’zgehelikleri bul jasta aq xarakterdin’ sipatlari-mustaqilliq, qarim-qatnas ha’m basqalarda ko’rinedi. Bul jas da’wrinde mu’nasibetler jag’day menen baylanisli ha’m tez o’zgeriwshen’ligi menen ajralip turadi. Bul da’wirde mu’nasibetler sistemasi

obiektiv za’ru’rlikler talaplari menen belgilenedi. Sol ko’riniste V.N.Myasishchev insannin’ psixikaliq rawajlaniwi onin’ ortaliq ha’m en’ aldin ala basqa adamlar menen bolg’an mu’nasibetleri sestemasinin’ quramalasip, ken’eyip bariwina baylanisli boladi, degen ideyani ilgeri su’redi.

Ulli rus pedagogi Lesgaftin’ pikrinshe, insannin’ baqsha jasindag’i da’wri sonday bir basqish, bul da’wirde balalarda xarakter qa’siyetlerinin’ u’lgileri qa’liplesip, a’dep-ikramliliq, xarakterdin’ tiykarlari ju’zege keledi.

N.M.Shchelovanov, D.B.El’konin ha’m basqalardin’ pikrinshe, balanin’ u’sh jasqa shekemgi o’siwinde erisken jen’isleri onin’ minez-qulqin, biliw protseslerin sipat jag’inan o’zgertirip jiberedi. Sog’an qaramay, balanin’ o’siwine u’lkenlerdin’ ta’siri, ro’li jetekshiliginshe qala beredi, biraq a’ste-aqirin o’sip bariwi mustaqilraq boliwin ta’miynleydi. Biraq mektepke shekemgi jastag’i mustaqilliq ko’binshe balanin’ a’meliy xizmetinde onsha ku’shli bolmag’an shaxsiy imkaniyati shen’berinde u’lkenler ja’rdeminde ha’reket qiliwinda, az bolsada, qaramliqtan qutiliw sezimi ko’rinedi.

Kishi mektepke shekemgi jastag’i balalardin’ psixologiyaliq o’zgesheliklerin u’yrengen. A.N.Golubevanin’ pikrinshe, qolaysiz sharayatta balag’a ta’rbiyaliq ta’sir ko’rsetiw onda o’jetlikti payda qiladi. Sonday-aq, bul jastagi balalardin’ o’jetligi birtegis bolmaydi, ma’selen, o’z ten’leslerine o’jetlik qiliw ha’r waqitta ju’z beredi, olar tiykarinan u’lken jastag’i adamlarg’a, sondada belgili bir ta’rbiyashig’a yaki shan’araq ag’zalarina o’jetlik qiladi. Bul alimlar balanin’ u’lkenlerge mu’nasibeti negizin payda qiladi ha’m onin’ psixikaliq o’siwi dawaminda belgili bir da’rejede o’zgerip baradi olardin’ o’zgeriwi u’lkenlerdin’ balag’a ol erisken kamalat basqishin esapqa alip, aqilana mu’nasibette boliwina baylanisli.

D.B.El’konin pikrinshe, balanin’ qa’lewi menen bul qa’lewdin’ ha’rekette ipadalaniwi o’z-ara mas tu’spesligi, u’lkenler talabina so’zsiz qaramliq onin’ qa’lewin uliwmalastiriwg’a alip keledi, er jetkenler talabina mas emesligi sebepli sonshasi qa’lew tiyanaqli shaxsiy qa’lew da’rejesine o’sip o’tedi.

A’dette “Men qa’leymen”, “O’zim orinlayman” siyaqli mustaqilliqqa intiliw ha’reketleri qa’lewdin’ ku’sheyiwinde o’z ko’rinisin tabadi.

A.P.Usova baqsha jas da’wrindegi balalar ta’repinen oqiw xizmeti o’zlestirilgenliginin’ aniq belgilerin ko’rsetedi. O’zlestiriwdin’ u’sh da’rejesi ajratilip, olar oqiw xizmeti rawajlang’anlig’inin’ tu’rli da’rejelerin xarakterleydi.

1-da’rejesi. Biliw xizmeti ba’rshe protseslerdin’ o’nimdarlig’i ha’m maqsetke qaratilg’anlig’i menen oqiwg’a qarata aktiv ha’m qizig’iwshan’ mu’nasibet, o’zinin’ ha’reketlerin qadag’alaw ha’m erisilgen na’tiyjelerdi bahalaw qabiliyetine iyeligi menen parqlanadi. O’zlestirilgenler tiykarinda balalar a’meliy ha’m aqliy xizmetinde qurbi jetetug’in wazipalardi sheshe aladi.

2-da’rejesi-ku’shsizrek. Oqiw xizmetin iyelewdin’ ba’rshe ko’rsetkishleri jeterli rawajlanbag’an. Biraq sonin’ menen birge balalar ta’limindegi bazi bir itimalliq o’zgerisler ha’m bunnan tisqarida emes.

3-da’rejesi. Shinig’iwlarda sirtqi intizamnin’ oqiw xizmeti qa’liplesiwindegi baslang’ish da’wir.

K.M.Gurevich 3-4 jasli balalarda motivlerdin’ birlemshi qaramlig’i ha’m da’slepki erklik ha’rekettin’ payda boliwin izertlegen.

Ertekler tin’lag’anda balada qahramanlar, tuwrisindag’i da’slepki keshirmeler payda boladi, balag’a emotsional ta’sir etiw imkaniyati tuwiladi, keshirmelerdi sa’wlelendiriw ha’m ko’z aldina keltiriw shen’berinde ju’zege keledi. Ma’selen: doktor-dawalaydi, shafyor-aydaydi, oqitiwshi –balalarg’a bilim beredi ha’m t.b. D.B.El’konin, E.A.Arkin, A.V.Zaporojes ha’m basqalardin’ ispatlawinsha, bul sha’rt-sharayatlar balada u’lkenler o’mirinde aktiv qatnasiw sezimi ha’m qa’lewin ju’zege keltiredi. Bul halda balanin’ xizmeti u’lkenler xizmetinen parqlanadi, onin’ o’mir sharayati ken’eyedi, shaxslar ara mu’nasibet ha’m shaxsiy mu’nasibetlerdin’ o’zgesheligi

aydinlasadi, onda u’lkenlerdin’ ku’ndelik islerinde aktiv qatnasiw qa’lewi ku’sheyedi.

D.B.Elkonin o’z izertlewinde ro’lli oyinnin’ syujeti menen bir qatarda , onin’ mazmunida bar ekenligin jazadi. Onin’ pikrinshe, oyinda bala u’lkenler xizmetinin’ tiykarg’i ta’repin aniqraq sa’wlelendiriwi oyinnin’ mazmunin quraydi.

U’lkenler balanin’ rayina, mustaqillig’ina qarsi turmastan, mu’mkinshiligi barinsha, qa’lewine intiliwine ja’rdem berse, onin’ shaxsin qa’liplestiriw protsesindegi qiyinshiliq o’z-o’zinen jog’aladi.

Baqsha jasindag’i balalarda o’z minez-qulqin basqariw ko’nlikpelerin quram taptiriw menen baylanisli psixologiyaliq mashqalani u’yrengen Z.V.Manuylekonin’ pikrinshe, birar maqsetke bag’darlang’an shinig’iwg’a qarata oyinda quliq ko’nlikpelerin aldinraq ha’m an’satraq iyelew mu’mkin. Ayniqsa bul faktor baqsha jasi da’wrinin’ o’zgesheligi sipatinda o’zinin’ ayqin ipadasin tabadi. U’lken mektep jasindag’i balalarda o’z qulqin o’zi basqariw ko’nlikpesi oyin xizmetinde de, basqa sharayatlarda da ten’lesedi. Olar ayrim jag’daylarda, ma’selen, jaris waqtinda alding’ig’a qarag’anda joqariraq ko’rsetkishkede erisiwleri mu’mkin.

J.Piaje balanin’ sotsiallasiwi protsesinde (jasaw sharayatina maslasiw) intellect operatsiyalari strukturasi rawajlaniwi sadir boladi deydi. Joqari intellectual operatsiyalar (“konkret operatsiyalar”, “formal operatsiyalar”, “invariantliliq”, “mu’nasibetlilik” ha’m basqalar) payda boliwi ha’m rawajlaniwi o’z nizamliqlarina iye. Ta’lim tek aqliy o’siwdi tezlestiriwi yaki pa’settiriwi mu’mkin, biraq og’an ta’biyiy ta’sir etpeydi. J.Piaje ha’m onin’ sha’kirtleri, ma’selen, eger balada logikaliq operativ oylaw qa’liplespegen bolsa, pikirlewge u’yretiwden ma’ni joq deydi. Ta’lim bala rawajlaniw nizamliqlarina boysiniwi lazim.

Shan’araqta ha’m baqshada shaxslar ara mu’nasibetler ilimiy tiykarg’a qurilip, aqilana qag’iydag’a suyenilse ha’m pedagogikaliq a’dep shen’berinen

shetke shig'ilmasa, joqarida aytilg'an kelispewshilikler ju'zege keliwi mu'mkin emes.

O'zbekistanliq alimlardan bul barada, E.G'oziyev "Psixologiya" oqiw qollanbasinda u'sh jasli balalarg'a tuwri ta'rbiya beriw, ta'sir o'tkeriw, olardin' ha'reketlerin maqsetke muwapiq bag'darlaw arqali olarda mustaqil halda awqatlaniw, juwiniw, o'z ornin jiynastiriw ko'nlikpelerin quram taptiriwg'a, ayrim tapsirma ha'm wazipani puxta orinlaw sheberligin qa'liplestiriwge erisiw mu'mkinligin keltirip o'tedi.

Z.Nishanova "Balalar psixologiyasi ha'm oni oqitiw metodikasi" oqiw qollanbasinda mektepke shekemgi ta'rbiya jasindag'i balalardin' biliw protsesleri, sezim-erklik, motivatsion ta'replerinin' qa'liplesiwi shuqir analiz qiling'an. Balalardin' aqliy xizmet mashqalasi R.I.Sunnatovalar ta'repinen na'tiyjeli alip barilmaqta.

## I.2. Mektepke shekemgi jastag'i balalardin' psixologiyaliq o'zgeshelikleri.

Ontogenezde 3 den 7 jasqa shekem bolg'an da'wir baqsha jasi yaki mektepke shekemgi jas da'wri esaplanadi. Mektepke shekemgi jastag'i balalar psixologiyasinda ju'da' tez sipat o'zgerisleri boliwin inabatqa alg'an halda 3 da'wirge: (3-4 jas) kishi mektepke shekemgi da'wir, (kishi baqsha jasi), (4-5 jas) orta mektepke shekemgi da'wir,(orta baqsha jasi), (6-7 jas) u'lken mektepke shekemgi da'wir (u'lken baqsha jasi) na ajratiw mu'mkin.

Baqsha jasindag'i balalarg'a beriletug'in ta'rbiya olardin' qiyin ha'reketlerin o'zlestiriw elementar gigiena, ma'deniy ha'm miynet sheberliklerin qa'liplestiriw so'zdi rawajlandiriw ha'm sotsial a'dep – ikramliliqtin' da'slepki bo'rtiklerin payda qiliw da'wri. Bala rawajlaniw protsesinde insanlar awladi ta'repinen jaratilg'an predmet ha'm ha'diyseler a'lemi menen mu'nasibetke kirisedi.

Bizge belgili balanin' jasi o'sip mustaqil ha'reket qiliw imkaniyatlari asqani sayin onin' atraptag'i na'rse ha'm ha'diysege dunya qarasi ken'eyip baradi. Baqsha jasindag'i bala atraptag'i na'rseler dunyani biliw protsesinde sol na'rseler menen a'meliy mu'nasibette boliwg'a intiledi. Bul orinda sol na'rse xarakterli bala biliwge qumarlig'inan atraptag'i o'zinin' haddi siyg'an na'rseler menen g'ana emes, ba'lki u'lkenler ushin ta'n bolg'an o'zinin' ku'shide jetpeytug'in na'rseler menen de a'meliy mu'nasibette boliwg'a intiledi.

Bala insaniyat qolg'a kirgizgen ba'rshe jen'islerdi aktiv ra'wishte o'zlestirip, iyelep baradi. Bunda predmetler a'lemin, olar ja'rdeminde a'melge asirilatug'in is-hareketlerdi, tildi, adamlar arasindag'i mu'nasbetlerdi iyelep aliwi, xizmet motivlerinin' rawajlaniwi, qabiliyetlerdin' o'sip bariwi, u'lken jasli insanlardin' tuwridan-tuwri ja'rdeminde a'melge asirilip bariliwi kerek. Baqsha jasindag'i balalardin' ko'zge taslanip turiwshi o'zgesheliklerinen biri,

olardin' ha'reketshen'ligi ha'm eleklewge beriliwi. Bala tabiyatinin' tiykarg'i nizamin sonday ipadalaw mu'mkin: bala u'zliksiz xizmet ko'rsetiwdi talap qiladi, biraq ol xizmet natiyjesinen emes, ba'lki xizmettin' bir tu'rliligi ha'm sozilmalilig'inan talig'adi.

Mektepke shekemgi jastag'i balalardin' shug'illanatug'in do'retiwshilik iskerlikler arasinda suwret saliwdin'da a'hmiyeti ju'da' u'lken. Balanin' qiyal etiwi xarakterine ko're onin' atrap o'miri qanday, qabil etiwi, este saqlawi, qiyal ha'm oylaw qa'siyetlerine baha beriw mu'mkin. U'lken baqsha jasindag'i balalar sizg'an suwretler olardin' ishki keshirmeleri, ruwxiy jag'daylari, arziw-u'mit ha'm mu'tajliklerin ko'rsetedi.

U'lken mektepke shekemgi jastag'i balalar ushin jarislar ju'da u'lken a'hmiyetke iye bolip tap sonday oyinlarda jen'iske erisiw motivleri qa'liplesedi ha'm bekkemlenedi. Bul jastag'i balalar ushin en' jag'imli waqit-utiw ha'm jen'is bolip jaris oyinlarinin'da a'hmiyeti ju'da u'lken.

U'lkenler ha'm ten'lesleri menen bolg'an mu'nasibet arqali bala a'dep-ikramliliq normalari, insanlardi an'lawi, sonday-aq, unamli ha'm unamsiz mu'nasibetler menen tanisa baslaydi.

Baqsha jasindag'i balalardin' mu'tajlikleri ha'm qizig'iwlari jedel ra'wishte artip baradi. 3-7 jasli da'wrinde balalardin' tiykarg'i xizmeti to'mendegi izbe-izlikte keshedi:

-predmetlerdi u'yreniwi;

-individual predmetli oyinlar, topar syujetli-ro'lli oyinlar;

-individual ha'm toparliq do'retiwshilik;

-jaris oyinlari;

-qarim-qatnas oyinlari;

-u'y miyneti.

Baqsha jasindag'i balalar so'zdi bir qansha toli o'zlestirgenlikleri ha'm ha'dden tisqari ha'reketshen'likleri sebepli olarda o'zlerine jaqin bolg'an u'lken adamlar ha'm ten'lesleri menen mu'nasibette boliw mu'tajligi tuwiladi.

Olar tar shen’berden ken’irek shen’berdegi mu’nasibetlerge intile baslaydilar. Olar endi baqshadag’i doslari ha’m qon’isilarinin’ balalari menen de topar bolip oynawg’a ha’reket qiladilar.

Mektepke shekemgi jastag’i balalardin’ jetekshi xizmeti oyin bolip tabiladi. Bul jastag’i balalardin’ oyinlarin u’shke bo’liw mu’mkin:

1)predmetli oyinlar(15-20 minut oynaladi);

2)syujetli-ro’lli oyinlar (30-60 minut oynaladi);

3)qag’iydali oyinlar (1saattan-2ku’nge shekem dawam etiwi mu’mkin).

Bul da’wirde ayniqsa, ekinshi signal sistemasi jedel rawajlanadi. Balada apiwayi ma’jburiyatlar toplami payda boladi. Balada ten’lesleri menen ma’lim bir mu’nasibetlerdin’ ju’zege keliwi, «Balalar ja’miyeti» nin’ qa’liplesiwi mektepke shekemgi jastin’ a’hmiyetli o’zgesheligi bolip esaplanadi. Mektepke shekemgi jastag’i balalardin’ basqa adamlarg’a ishki pozitsiasi o’z «men»i ha’m o’z ha’reketleri a’hmiyetin ja’nede an’lap bariwi, u’lkenler dunyasina, olardin’ xizmeti ha’m o’z-ara mu’nasibetine u’lken qizig’iwi menen xarakterlenedi.

Mektepke shekemgi jastag’i balalardin’ rawajlaniwi sotsial jag’dayi o’zgeshelikleri og’an ta’n bolg’an xizmet tu’rleri, ayniqsa, syujetli ro’lli oyinlarda sa’wlelenedi. Bala rawajlaniwi ushin mektepke shekemgi sho’lkemler dizimi, ayniqsa, baqsha jaqsi sharayat jaratadi. A’meliyat soni ko’rsetedi, psixikaliq rawajlaniw ha’m mektepte oqiwg’a tayarliq da’rejesi balalar baqshasinda ta’rbiyalang’an balalarda baqshag’a barmaytug’in balalarg’a qarag’anda joqari. Mektepke shekemgi jasta sensor qabil etiw, ayniqsa ko’riw ha’m esitiw arqali qabil qiliw sezilerli rawajlanadi. Bala sanali ra’wishte suwret sizadi ha’m muzikaliq xizmette qatnasa baslaydi. Ol og’an qanday suwret yaki muzika jag’iwin, qaysilari jaqpaytug’inlig’in aytiwi mu’mkin. Biraq ol ele muzikani toliq ha’m differensiyallang’an halda qabil qilmaydi.

Mektepke shekemgi jastag'i bala rawajlaniwinda bul jastin' tiykarg'i xizmet tu'ri bolip esaplang'an oyin ju'da' u'lken a'hmiyetke iye. Oyin o'zinin' ba'rshe tu'r ha'm ko'rinislerinde (syujetli, ro'lli, qag'iydali, so'zlik, ko'rkemlik, muzikaliq ha'm basqalar) balanin' fizikaliq, esitiw, aqliy, estetik rawajlaniwina aktiv ja'rdem beredi.

Baqsha jasindag'i balalardin' oyinlari atraptag'i na'rse ha'm hadiyselerdi biliw qurali boliwi menen birge, joqari sotsial a'hmiyetkede iye. Basqasha qilip aytqanda, oyin qudretli ta'rbiya qurali bolip tabiladi. Predmetli ha'm konstruktorli oyinlar arqali bul jastag'i balalar o'zlerinin' qabil etiw, este saqlaw, eles, oylaw ha'mde ha'reketlerin rawajlandiradi. Syujetli – ro'lli oyinlarda balalar tiykarinan, o'zleri ha'r ku'ni ko'rip atirg'an ha'm gu'zetip atirg'an u'lkenlerdin' is-ha'reketlerin sa'wlelendiredi. 4-5 jasli balalardin' oyini a'ste-aqirinliq penen topar ko'rinisinen qa'siyetlerge iye bolip baradi.

Balalardin' individual o'zgesheliklerin, solardan, olardin' topar oyinlari arqali gu'zetiw qolay bolip esaplanadi. Bul oyinlarda balalar u'lkenlerdin' tek predmetlerge mu'nasibetin emes, ba'lki ko'birek o'z-ara mu'nasibetlerin sa'wlelendiredi.

Baqsha jasindag'i balalarda seziw, qabil etiw, diqqat, este saqlaw, eles, oylaw, so'ylew, qiyal, sezim ha'm erktin' rawajlaniwi jedel keshedi. Bala ren'lerdi ele bir-birinen jaqsi parq qila almaydi. Og'an ren'lerdin' parqin biliwge ja'rdem beretug'in oyinshiqlar beriw lazim ren'li kiyimler, qutilar ha'm sol siyaqli oyinshiqlar.

Diqqat ha'r qanday xizmetimizdin' joldasi bolip tabiladi. Baqsha jasindag'i balalar diqqati tiykarinan iqtiyarsiz boladi. Kishi jastagi baqsha balalarinda ku'n sayin payda bolatug'in jan'adan-jan'a qizig'iwlar, oyin xizmetlerinin' ha'r tu'rli bolip bariwi olarda iqtiyarsiz diqqatti a'ste-aqirin qa'liplestirip baradi.

Baqshada topar ta'repinen talap etiletug'in ta'rtiplerge boysiniw, qag'iydali oyin sha'rtlerin so'zsiz orinlaw, u'lkenlerdin' tapsirmalarin

shidam, qunt penen orinlaw siyaqli hallar baqsha jasindag'i balalarda diqqattin' iqtiyariy tu'rin rawajlandiradi. Baqsha jasindag'i balalarda iqtiyariy diqqattin' o'sip bariwi ushin oyin ju'da' u'lken a'hmiyetke iye. Oyin dawaminda balalar diqqatlarin bir jerge toplap, o'z baslamalari menen ma'lim maqsetlerdi ilgeri su'redi.

Bul jastag'i balalardin' este saqlawi jan'a xizmetler ha'm balanin' o'z aldina qoyg'an jan'a talaplari tiykarinda qa'liplesip baradi. Baqsha jasindag'i balalar o'zleri ushin a'hmiyetke iye bolg'an, olarda ku'shli elesler qaldiratug'in ha'm olardi qiziqtiratug'in na'rselerdi iqtiyarsiz eslerinde alip qaladi. Baqsha jasindag'i kishi balalarda ko'birek obrazli este saqlaw rawajlang'an boladi. Sonin' ushin olar esitken na'rselerine qarag'anda ko'rgen na'rselerin jaqsi eslerinde alip qaladi. Onin' tiykarg'i sebebi, birinshiden, baqsha jasindag'i balalardin' qabil etiwleri konkret obrazli xarakterge iye. Ekinshiden olarda ele so'ylew, toliq qa'liplespegen. Balalar joqari toparlarda so'ylewdi iyelep alg'anlarinan keyin g'ana so'z benen ipadalap aling'an na'rselerdi este jaqsi alip qalatug'in boladi. Balalar ju'da' ko'p na'rselerdi tiykarinan tu'rli oyin xizmeti dawaminda eslerinde alip qaladilar.

Baqsha jasindag'i balalardin' qiyali tiykarinan iqtiyarsiz ha'm tiklewshi qiyal bolip, olardin' ha'r tu'rli xizmetlerinde o'sip baradi. Biraq sol na'rse diqqatqa ilayiqli, eger baqsha jasindag'i balalarda qiyal qiliw qabiliyeti bolmag'anda edi, olardin' oyinlarida ha'r tu'rli bolmas edi. Demek balalardin' qiyal etiw qabiliyetleri olardi ha'r tu'rli oyinlar oynawg'a u'ndese, o'z na'wbetinde oyin olardin' qiyalin o'siredi. U'lken jastag'i baqsha balalari o'zlerinin' suwretlerinde qiyaliy obrazlardi sa'wlelendiredi. Sonin' ushin olar ko'binshe erkin temada o'zlerin qiziqtirg'an ha'm sol waqittag'i mu'tajlikleri menen baylanisli bolg'an na'rseler haqqinda suwret sizadi. A'ne sonday erkin temada suwret siziw protsesinde balalardin' do'retiwshilik qabil qiliw qabiletleri o'sip baradi. Baqsha jasindag'i

balalardin’ qiyalinin’ o’sip bariwina ha’r qiyli hikaya ha’m ertekler de ta’sir ko’rsetedi.

Baqsha jasindag’i balalardin’ oylawi ha’m onin’ rawajlaniwi o’zine ta’n o’zgesheliklerge iye. Oylaw balanin’ baqsha jasindag’i da’wrinde ju’da tez rawajlana baslaydi bunin’ sebebi birinshiden, baqsha jasindag’i balalarda turmis ta’jreybesinin’ salistirmali ko’beyiwi, ekinshiden, bul da’wirde balalar so’ylewinin’ jaqsi rawajlang’an boliwi, u’shinshiden bolsa baqsha jasindag’i balalardin’ erkin mustaqil ha’reketler qiliw imkaniyatina iye boliwlari. Baqsha jasindag’i balalar o’zlerinin’ mustaqil ha’reketleri dawaminda atrapindag’i ha’r tu’rli na’rseler menen tuwridan tuwri salistiriw, analiz qiliw ha’m uliwmalastiriw siyaqli pikir qiliw protseslerin ju’zege keltiredi ha’m qa’liplestiredi.

Baqsha jasindag’i balalarda ha’r qiyli tarawlarg’a baylanisli sorawlardin’ tuwiliwi olar oylawinin’ qa’liplesip atirg’anliqlarinan derek beredi. Sonin’ ushin balalardin’ sorawlarina ha’r dayim a’hmiyet penen qaraw kerek. Bala o’z sorawina juwap taba almasa yaki u’lken adamlar onin’ sorawina a’hmiyet bermese, ondag’i qizig’iwshiliq pa’seye baslaydi. Balalar beretug’in sorawlardin’ ju’da qiziq boliwina bir neshe sebepler bar. Birinshiden, baqsha jasindag’i balalar do’gerek atraptag’i na’rse ha’m ha’diyselerdi qanday bolsa sonday yag’niy tap suwrettegidey sawlelendiredi, ekinshiden, olarda u’lken adamlardag’iday qabil qilip atirg’an na’rse ha’m hadiyselerdi shuqir analiz ha’m sintez qiliw o’zgesheligi ele o’spegen boladi, u’shinshiden, olarda tu’rli ja’miyet ha’m ta’biyat ha’diyselerine baylanisli ilimiy tu’sinikler ele qa’liplespegen ha’m aqirg’isi to’rtinshiden, olardin’ turmis ta’jreybeleri ju’da’ az boladi. Baqsha jasindag’i balalardin’ beretug’in sorawlarinanda olar oylawinin’ konkret obrazli xarakterge iye ekenligide ko’rinip turadi.

Baqsha jasindag’i balalar shaxsinin’ qa’liplesiwine qaray, bul da’wirdi u’sh basqishqa ajratiw mu’mkin:

-birinshi da’wir – bul 3-4 jas aralig’inda bolip bala emotsional ta’repten o’z-o’zin basqariwdin’ bekkemleniwi menen baylanisli;
-ekinshi da’wir – bul 4-5 jasti qurap a’dep-ikramliliq o’z-o’zin basqariw;
-u’shinshi da’wir – bolsa shaxsiy isshen’lik ha’m isbilermenlik o’zgesheliklerinin’ qa’liplesiwi menen xarakterlenedi.

Mektepke shekemgi jastag’i da’wirde a’dep-ikramliliq tu’sinikleri barg’an sayin quramalasip baradi. A’dep-ikramliliq deregi sipatinda olardin’ ta’lim-ta’rbiya menen shug’illanip atirg’an u’lkenler sonin’ menen birge ten’lesleride boliwi mu’mkin. Bala ha’r dayim maqtaw aliwg’a ha’reket qiladi. Bul baha ha’m maqtawlar balanin’ jen’islerge erisiwine bolg’an ha’reketinin’ rawajlaniwinda sonin’ menen birge onin’ shaxsiy o’miri ha’mde onin’ ka’sip tan’lawinda a’hmiyeti ju’da’ u’lken.

Baqsha jasindag’i da’wirde balalarda qarim-qatnastin’ jan’a motivleri ju’zege keledi. Ol shaxsiy ha’m isbilermenlik motivleri. Shaxsiy qarim-qatnas motivleri – bul balanin’ uwayimg’a salip atirg’an ishki mashqalalari menen baylanisli, isbilermenlik motivleri bolsa ol yamasa bul a’ste aqirinliq penen bilim, ko’nlikpe ha’m sheberliklerdi iyelew menen baylanisli bolg’an oqiw motivleri qoyiladi. Bul motiv erte balaliq dawrinen baslanip ju’zege keletug’in balalardin’ tabiyiy qizig’iwshilig’i orninda payda boladi. O’zin ko’rsetiw motivleride bul jasta ko’rinedi. Bul motiv tiykarinan balalardin’ syujetli ro’lli oyinlarinda tiykarg’i ro’lin iyelewge basqalar u’stinen basshiliq qiliwg’a jarisiwg’a kirisiwge qorqpaslig’inda ne bolg’aninda da jen’iwge ha’reket qiliwinda ko’rinedi. 4-6 jaslar arasinda balalarda erkin so’yley aliw, zatlar, qubilis, waqiyalar menen tanisiw mu’mkinshilikleri ken’eyip barg’an sayin onin’ a’dep –ikramliliq sezimleri o’zin an’lawi o’zine sin bere aliwi kem-kemnen ko’birek orin aladi. Mektepke shekemgi jas da’wri balalari ushin u’lkenler beretug’in bahalar ju’da’ a’hmiyetli. Balalar birinshi na’wbette ma’nawiy a’dep qag’iydalarin o’z ma’jbu’riyatlarina mu’nasibet ku’n ta’rtibine a’mel qiliw haywan ha’m na’rseler menen qarim-qatnas qiliw

normalarin iyeleydi. Bunday normalardi iyelew bul jastag'i balalar ushin qiyin bolip olardi jaqsi o'zlestiriwi ushin syujetli ro'lli oyinlar ja'rdem beriwi mu'mkin.

3-3,5 jaslar aralig'inda balalar o'zlerinin' jen'is ha'm jen'iske erise almawina o'z mu'nasibetlerin bildiredi ha'm bul mu'nasibet, tiykarinan, olardin' o'zlerine beriletug'in joqari bahalari tiykarinda qa'liplesedi. 4 jasli balalar bolsa o'z imkaniyatlarin real bahalay aladi. Biraq, 4-5 jasli balalar ele shaxsiy o'zgesheliklerin qabil etiwge ha'm bahalawg'a qadir emes, sonday-aq o'zleri haqqinda ma'lim bir juwmaqti bere almaydilar. O'z-o'zin an'lawi u'lken baqsha jasinan rawajlanip, aldin ol qanday bolg'anin ha'm keleshekte qanday boliwin pikirlep ko'riwge ha'reket qiladi.

Kishi ha'm orta baqsha jasinda bala xarakterinin' qa'liplesiwi dawam etedi. Ol tiykarinan, balalardin' u'lkenler xarakterin gu'zetiwleri tiykarinda quram tabadi. Sol jillardan baslap, balada a'hmiyetli esaplang'an-erk, mustaqilliq ha'm baslamalar siyaqli a'hmiyetli shaxsiy o'zgeshelikler rawajlana baslaydi. U'lken baqsha jasinda bala atraptag'i adamlar menen tu'rli xizmetlerde qarim-qatnas ha'm mu'nasibetlerge kirisiwge u'yrene baslaydi. Bul bolsa og'an keleshekte adamlar menen qarim-qatnasqa kirise aliwina, jumis boyinsha ha'm shaxsiy mu'nasibetlerdi o'nimli ornata aliwinda payda keltiredi.

Balanin' atraptag'i insanlar menen bolg'an mu'nasibetleri, tiykarinda ha'r tu'rli motivler jatadi. Bulardin' ha'mmesi balanin' individuallig'in qurap, onin' basqa balalardan tek intellekti emes, ba'lki a'dep-ikramliliq motivatsion ta'repten parqlanatug'in shaxsqa aylantiradi.

Balanin' mektepte jen'isli oqiwi ko'p ta'repten olardin' mektepke tayarliq da'rejesine baylanisli. Bala aldin ala mektepke fizikaliq tayar boliwi kerek. 6 jasli balalardin' anatomiyaliq – fiziologiyaliq rawajlaniwi o'zine ta'n ra'wishte keshedi. Bul jasta onin' organizmi jedel rawajlanadi. Onin' awirlig'i ayina 150 den 200 ge shekem boyi bolsa 0,5 sm ge shekem ko'beyedi. 6-7 jasli balalar nerv sistemasin bekkemlew olardi juqpali keselliklerden

qorg’aw ko’riw ha’m esitiw qabiliyetlerine o’z aldina itibar beriw sonin’ menen birge omirtqasinin’ tuwi rawajlaniwina itibar beriwi kerek.

Balanin’ aqliy tayarlaniwi. Ko’binshe aqliy tayarliq delingende balanin’ ma’lim bir dunya qarasi, janli ta’biyat insanlar ha’m olardin’ miynetleri haqqindag’i bilimleri tu’siniledi. Sol bilimler mektep beretug’in bilimge tiykar boliwi mu’mkin. Biraq so’z baylig’i ma’lim is-ha’reketlerdi orinlay aliwi balanin’ mektepke aqliy tayarlig’inin’ tiykarg’i ko’rsetkishi bola almaydi. Mektep da’stu’ri balalardi salistira aliw analiz ete aliw, uliwmalastira aliw, ma’lim bir juwmaq shig’ara aliw sonin’ menen birge jeterli da’rejede rawajlang’an boliwin talap etedi. 6-7 jasli balalar aqliy rawajlaniwinin’ na’tiyjesi bolip joqari da’rejede rawajlang’an ko’rgezbeli-obrazli oylawi menen bala ortaliq a’lemindegi predmetlerdin’ tiykarg’i qasiyetlerin ha’m predmetler arasindag’i baylanisti ajrata aliwi lazim. Son’ o’z aldina qaytalap aytiw lazim. Ko’rgezbeli-ha’reketli ha’m ko’rgezbeli-obrazli oylaw tek 6-7 jasli balalar ba’lki kishi mektep jasindag’i oqiwshilardin’ aqliy rawajlaniwinda da tiykarg’i funksiyani orinlaydi. Bul barada balnin’ ma’lim bir ko’nlikpelerdin’ quram tabiwi a’hmiyetli. Balanin’ mektepte jen’isli oqiwi tek fizikaliq ha’m aqliy tayarlig’ina baylanisli bolmastan ba’lki sotsal-psixologiyaliq tayarlig’inada baylanisli. Mektepte oqiw ushin keletug’in bala jan’a sotsial ortaliqti-tu’rli ma’jbu’riyatlari ha’m huquqlari bolg’an ha’m og’an tu’rli talaplar qoyilatug’in-oqiwshi lawazimin aliw ushin tayar boliwi lazim.

Bul da’wirde balalarda en’ aldi menen biliw tarawlari keyin bolsa emotsional motivatsion bag’dar boyinsha shaxsiy o’mir baslanadi.

Balanin’ atraptag’i insanlar menen ha’r tu’rli mu’nasibetleri ju’zege kelip bul mu’nasibetler tiykarinda ha’r tu’rli motivler jatadi. Bulardin’ ha’mmesi balalardin’ individuallig’in payda etip onin’ basqa balalardan tek intellekti menen emes ba’lki a’dep motivatsion ta’replerinen parqlanatug’in shaxsqa aylantiradi.

Baqsha jasindag’i balalardin’ ken’ tarqalg’an mashqalalari to’mendegilerden ibarat:

1. Bala psixologiyaliq rawajlaniw da’rejesinin’ jas normasina maslig’i, yag’niy rawajlaniwdag’i qiyinshiliqlar: este saqlaw, diqqatinin’ to’menligi ha’m basqalar.
2. Mektepte oqiwg’a tayarliq . Bul jerde mashqala ata-analardin’ balani 6 jastan oqitiwg’a qarar qilg’anlig’i ha’m bul menen baylanisli bala mektepte jaqsi oqip kete aladima yaki yaqpa.
3. Shaxsiy rawajlaniwdin’ unamsiz ko’rinisleri ha’m adamlarg’a kirisip ketiwshilik mashqalalari.
4. Balanin’ o’z ha’reketlerin rejelestire almawi, basqarip ha’m bahalay almaslig’i. Ata-ananin’ bala menen kelispewshiligi.
5. Balanin’ balalar sho’lkemine ko’nligiwi.

Joqaridag’i ken’ tarqalg’an mashqalalardi du’zetiw ma’seleleri boyinsha, baqsha jasindag’i shaxsti ha’r ta’repleme u’yreniwimiz kerek. Sebebi, baqsha jasindag’i balalardin’ aqliy rawajlaniwin korrektsiya qiliw seziw ha’m qabil etiw qabiliyetlerin rawajlandiriw wazipalarin o’z ishine aladi.

## I.3. Balanin’ shaxs bolip qa’liplesiwinde shan’araqliq mu’nasibetlerdin’ orni.

Shan’araq balani orap turg’an sotsial ortaliqtin’ en’ a’hmiyetli buwini esaplanadi. Onin’ bala shaxsi qa’liplesiwinde ko’rsetetug’in ta’siri ju’da’ u’lken. Bala ko’p ta’repten u’lkenler qaramag’i ha’m ja’rdemine mu’taj boladi. Ata-ananin’ pikri ha’m mu’nasibeti bul da’wirde sonshelli u’lken u’ndewshi ku’shke iye boladi, ol minez-quliqtin’ regulyatori ha’m psixikaliq rawajlaniwdin’ stimulyatori bolip xizmet qiladi.

Psixiatrlardin’ qaytalawinsha, balani ha’dden tisqari qatti qolliq penen ta’rbiyalaw onda nevrozlardi ha’m psixosteniyani keltirip shig’ariwshi faktorlardan biri.

A’lbette, ha’r bir shan’araqtin’ o’z-ara mu’nasibetleri o’zine ta’n ha’m qaytalanbas. Biraq ata-ana ha’m bala mu’nasibetlerinin’ uliwmaliq ta’repleride bar bolip tabiladi. Ata-analar balalar minez-qulqin basqariwda qanday usillardan paydalaniwlarina qaray ortadag’i mu’nasibetler ko’binshe “demokratik” ha’m “avtoritar” siyaqlilarg’a ajratiladi.

Balalarg’a shan’araqliq ta’sir etiwdin’ “demokratik” ko’rinisi ushin to’mendegiler ta’n: balag’a ko’p na’rsege ruxsat beriledi, bala menen ko’p qarim-qatnas qilinadi, og’an isenim ha’m hu’rmet penen mu’nasibette bolinadi, ata-analar bolar-bolmas qadag’alawlardi qoymawg’a ha’reket qiladi, bunin’ ornina olar balalarg’a shan’araqtag’i ta’rtip qag’iydalardi tu’sindiriwge intiledi, ilaji barinsha balalardin’ sorawlarina juwap beriwge, olardin’ qizig’iwshiliqlarin qandiriwg’a ha’reket qiladilar.

Shan’araqtag’i “avtoritar” ortaliq balalarg’a ha’dden tisqari qadag’alawlardin’ ko’pligi menen xarakterlenedi. ”Hu’kmran” ata-analar baladan toliq boysiniwin talap qiladilar. Bunday shan’araqlarda balalarg’a minez-quliq qag’iydalarin tu’sindiriwge qaratilg’an qarim-qatnas kemnen-kem o’tkeriledi.

Sol na’rse aniqlandi, “avtoritar” ha’m “demokratik” shan’araqlarda ta’rbiyalaniwshi balalardin’ shaxsiy o’zgesheliklerinde belgili bir parq bar boladi. “Demokratik shan’araqlardin’ perzentleri do’retiwshilikke meyil, liderlikke intiliwshen’, konformizmdi (topar pikrine qaram boliwdi) inkar etiwshi, sotsial mu’nasibetlerinde ko’birek emotsiyalardi seziwshi boladilar.

Sotsiometrik ta’jreybelerden ma’lim boliwinsha shan’araqtag’i ortaliq jilli, ata-ana ha’m bala arasindag’i mu’nasibetler demokratik tiykarg’a qurilg’an bolsa, bala o’z ten’leslerinin’ arasinda toparda joqari oring’a kersinshe, salamat emes shan’araqta ta’rbiyalanip atirg’an balalar ju’da pa’s oring’a iye boladilar.

Bala qanshelli ko’p erkeletilse shaxs sipatinda sonshelli a’ste jetiledi, ol passivlik ha’m apatiyag’a meyil boladi, ba’lkim keyinsheli onin’ xarakteri ku’shsiz bolip qa’liplesedi. Shan’araqtag’i psixologik iqlim, yag’niy balalar menen bolg’an qarim-qatnas xarakteri, olarg’a mexr-muxabbat, diqqat itibar menen mu’nasibette boliwi o’sip kiyatirg’an insan a’dep-ikramliliq ko’rinisinin’ qa’liplesiwinde ju’da’ a’hmiyetli ro’l oynaydi, sonin’ ushin da barkamal awlad ta’rbiyasi aldin ala shan’araqtag’i ortaliqtin’ salamat boliwin talap etedi.

Baqsha jasindag’i balalardin’ shan’araq ag’zalarina bolg’an mu’nasibetleri ul ha’m qiz balalarda parqlanadi. Ma’selen ul balalar qizlarg’a qarag’anda ko’birek o’z jinsindag’i shan’araq ag’zalari- atasi, ajag’asi, atasina o’zin jaqin tutadi.

Ha’r bir ana perzentinin’ salamat, ku’shli, ma’nawiy ta’repten jetik insan bolip jetisiwin qaleydi ha’m bul ushin bar ku’sh ha’m g’ayratin ayamawg’a ha’reket qiladi. Bazi ata-analarimiz ta’jreybesizlik qilip “Balamdi jaqsi jedirsem, hesh kimnen kem qilmay kiyindirsem, o’mirde o’z ornin taba aliwi aniq”, dep natuwri pikirge baradi. Tuwri bunnan ata-analardin’ perzentleri

fizikaliq salamat boliwi mu’mkin, biraq olardin’ ruwxiy, aqliy ha’m ma’nawiy ta’repten rawajlaniwi da jeterli da’rejede bolsa nur u’stine nur bolar edi.

Shan’araqtag’i psixologiyaliq iqlim, yag’niy balalar menen bolg’an qarim-qatnas xarakteri, olarg’a mexir-muxabbat, diqqat itibar menen mu’nasibette boliwi o’sip kiyatirg’an insan a’dep-ikramliliq ko’rinisinin’ qa’liplesiwinde ju’da a’hmiyetli ro’l oynaydi.

Shan’araqtin’ bala shaxsin qa’liplesiwi ha’m rawajlaniwindag’i orni ten’siz eken, shan’araq ag’zalari balalardin’ psixologiyaliq rawajlaniwin ta’minlew ushin shan’araqta salamat mu’nasibetler ortalig’in jaratiwlari lazim. Ko’p balali shan’araqlarda o’tkizilgen izertlewler soni ko’rsetedi, bala shaxsinin’ rawajlaniwina ajag’a-inileri, ajapa-sin’lileri de ku’shli ta’sir ko’rsetedi. Ajag’a inileri ha’m ajapa-sin’lileri balag’a en’ jaqin bolg’an mikro ortaliq quramina kirip, onda orayliq orindi iyeleydi. Bazi izertlewshiler ha’tte, shan’araq ag’zalarinin’ sani ko’beygen sayin balalarg’a ata-analardin’ ta’siri pa’seyip, ajag’a –u’keleri, ajapa-sin’lileri ta’siri ku’sheyip baradi degen pikirdi de bildirgen. U’lken ajag’alari ajapalari ortalig’inda bala o’zin emotsional qorg’ang’anday sezedi. Ajag’a ajapalari bolsa o’zlerin mexribanliq sezimlerin ko’rsetiw imkaniyatina iye boladi. Olar ortasinda bala o’zinin’ qizig’iwlari menen ortaqlasiwi mu’mkin. Ajag’a ajapalari bolsa onin’ mu’tajlikleri, solardan, qarim-qatnas mu’tajligin qandiriwlari mu’mkin.

Demek baqsha jasindag’i balalardin’ basqa balalar menen bolg’an ju’da quramali ha’m ha’r tu’rli mu’nasibet tu’rleri qa’liplesedi ha’m a’ne sol mu’nasibetler ma’lim mug’darda onin’ shaxs sipatinda qa’liplesiwin belgilep beredi.

O’z ten’lesleri menen qarim-qatnasta boliwg’a qiynalip atirg’an, qarim-qatnasta boliw mu’tajligi jeterlishe qa’liplespegen balalardin’ ten’lesleri menen bolg’an mu’nasibetlerin aktivlestirmew kerek. Jaqsisi, da’slep uliwma qizig’iwlarg’a iye bolg’an 1-2 sherikti tabiw, keyinsheli a’ste-aqirin qarim-qatnas shen’berin ken’eytip bariw maqsetke muwapiq. Balalarda natuwri

qa'liplesip u'lgergen qarim-qatnas motivlerin qaytadan quriw, aldin ala, basqalardin' pikri menen esaplasiwg'a u'yretiw ju'da paydali.

U'lkenlerdin' baqsha jasindag'i bala shaxsi qa'liplesiwine ko'rsetetug'in ta'siri balanin' basqa xizmet: suwret siziw, tu'rli na'rseler jasaw, applikatsiyalar tayarlaw, oqiw wazipalarin ornlaw waqtinda da a'melge asiriladi. Bul xizmetler da'wrinde balalarda u'lkenler ha'm ten'lesleri ta'repinen unamli bahag'a iye bolatug'in na'rseni jaratiwg'a bag'darlang'anliq qarar tabadi, sotsial bag'darlang'anliq qa'liplesip baradi, biliw motivleri, erklik ha'm basqa shaxsiy o'zgeshelikler qa'liplesip baradi.

Bu'gingi ku'nde shaxs qa'liplesiwinde, onin' kamalg'a jetiwinde ruwxiy ta'sirdin' a'hmiyeti, na'tiyjesi joqari ekenligi tek a'meliy emes, ba'lki ilimiy ta'reptende aniqlang'an. Ha'r bir bala er jetkenshe aldin shan'araqta, keyinshelli ta'lim mekemelerinde ta'rbiyashilar ta'sirinde boladi.

Shan'araqta balalardin' ruwxiy ha'm fizikaliq salamat bolip o'siwine shan'araq ortalig'inin' ta'siri u'lken, sebebi shan'araq ortalig'i qanday bolsa, balalar sol ortaliq ta'sirinde u'lkeyedi. Shan'araq ortalig'i balalarg'a ta'sir ko'rsetiw menen birgelikte oni atraptag'i o'mirge maslaydi. Ja'miyette bolsa balalardi ruwxiy ha'm fizikaliq salamat qilip kamalg'a keltiriw ata-ananin' tek shaxsiy jumisi emes, ba'lki, sotsial burshi da bolip esaplanadi. Sonday eken ha'r bir ata-ananin' burshi ha'm wazipasina juwapkershilik penen jandasip, shan'araqta ha'r ta'repleme salamat turmis ta'rizin qarar taptiriw, onin' sotsial-ekonomikaliq turaqlilig'i, parawanlig'ina erisiw menen bir qatarda, bilimli, aqil-zakawatli, shaqqan, ziyrek, ruwxiy ha'm ma'nawiy barkamal insandi kamalg'a jetkiziw, sonday-aq, shan'araq da'stu'rleri, ka'sip-kari, shejeresinin' dawamlilig'in ta'miynlew, perzenttin' bos waqtin o'nimli o'tkiziwge erisiw, bazi bir illetlerdin' payda bolmawina jol qoymasliq ha'm basqalar kiredi. Bilemiz bala dunyag'a keliwi menen ata-ana ha'm onin' a'debi, keleshegi haqqinda qayg'ira baslaydi. Insaniy paziletlerdi sin'diriwge ha'reket qiladi.

Bala shaxsinin' kamalati shan'araqta qa'liplesedi. Ja'miyetimiz rawajlaniwi o'zinin' rawajlaniw nizamliqlarina tiykarlang'an halda shaxs jetikligin ta'minlewshi ha'm ta'rbiya o'nimdarlig'in asiriwshi faktorlardi ju'zege keltiriw talabin qoymaqta. Bala o'mir haqqinda, jaqsiliq yaki jamanliq paydali yaki ziyanli tu'siniklerin birinshi na'wbette shan'araqta ata-anasi, ajag'a-u'kesi, ajapa-sin'lilerinen aladi. Eger baqsha, mekteplerde ta'rbiyashi, oqitiwshi balalarg'a ta'lim berse, ta'rbiyalasa, ata-analar tek ta'rbiyalap qalmay, ba'lki olar menen birge jasaydilar da. Solay eken, olar balalarg'a ta'sir ko'rsetiwdin' ko'p imkaniyatlarina iyedir. Ha'mme ga'p sonda, shan'araqliq ta'rbiyanin' na'tiyjeliligi balalardin' ta'rbiyasi ushin g'ana sarplang'an waqt penen o'lshenbey, ba'lki shan'araqtin' sotsial o'mir basqishi menen, ata-analardin' abroyi ha'm olardin' a'dep-ikramlilig'i menen aniqlanadi.

# II - Bap. Mektepke shekemgi jastag'i balalardin' psixologiyaliq rawajlaniwina shan'araqliq mu'nasibetler ta'sirin eksperimental u'yreniw.

## II.1.Mektepke shekemgi jastag'i balalardin' psixologiyaliq rawajlaniwina ta'sir etiwshi shan'araqliq mu'nasibetlerdin' psixodiagnostikasi.

Balalardin' ha'r ta'repleme rawajlaniwin u'yreniwde ha'm og'an ta'sir etiwshi ha'r qiyli faktorlardi u'yreniwde diagnostic metodlardi qollaw ju'da' a'hmiyetli. Biz bul metodlardi qollaw arqali balalardin' intellectual, emotsional sferalarin, balalar menen ata-analari arasindag'i mu'nasibetlerdi aniqlawimiz mu'mkin. Balalardin' ha'r ta'repleme rawajlaniwin u'yreniwshi diagnostic metodlar ko'p g'ana alimlar ta'repinen qollanilg'an. Ma'selen: A.Ya.Varga ha'm V.V.Stolinnin' " Pedagog ha'm ata-analardin' balalarg'a mu'nasibeti" test sorawnamasi, G.Xementaskas ta'repinen islep shig'ilg'an taniqli "shan'araq suwreti" testi, K.Tomas testi, J.Bak ta'repinen usinilg'an 'U'y, terek, adam" testi ha'm t b.

Metodika za'ru'r teoriyaliq mag'liwmatlar menen ta'miynlengen boliwi, psixolog diagnozshi ushin tek psixologiyaliq diagnoz usillarin iyelew ba'lki diagnoz qilinip atirg'an psixologiyaliq halatti tu'siniwge ja'rdem beredi. Mektepke shekemgi jastag'i balalardi ha'm baslang'ish klass oqiwshilarin psixologiyaliq rawajlaniwin aniqlawda sonday sharayatlar jaratiliw kerek, onda bala o'zinin' imkaniyatlarin en' joqari da'rejede ko'rsetsin. Arnawli metodik usillar ja'rdeminde balanin' tek psixikaliq rawajlaniwinin' ahmiyetli da'rejesi emes, ba'lki onin' jaqin keleshek rawajlaniw zonasin izertlew mu'mkin. Soni yadda tutiw kerek balalar u'yde, jaqinlari menen qarim-qatnasta, oyin paytinda ko'rsetetug'in imkaniyatlarin kemnen- kem hallarda diagnoz izertlewlerde, waqt tig'iz hallarda (baladan tez juwap beriw talabin sezgende) yaki biytanis ortaliqta ko'rsetedi.

Biz mektepke shekemgi ta'rbiya jasindag'i balalardin' shan'araq ag'zalarina bolg'an mu'nasibetin u'yreniw maqsetinde "Shan'araq suwreti" ha'm "A.Ya.Varga ha'm V.V.Stolinnin' "Pedagog ha'm ata-analardin' balalarg'a mu'nasibeti" test sorawnamasin qollandiq.

"Shan'araq suwreti" balanin' shan'araq ag'zalarina mu'nasibetin u'yreniw metodi

Eston psixologi G.Xementaskas ta'repinen islep shig'ilg'an taniqli "shan'araq suwreti" testi u'lkenlerge dunyani bala ko'zi menen ko'riwge ja'rdem beriwshi qural. Bul test balanin' o'z shan'arag'ina bergen shaxsiy bahasi haqqinda, shan'araq ag'zalari menen bolg'an mu'nasibetleri, bala nelerdi qabil qila almaslig'i, nelerdi ku'shli sezimler menen seziwi haqqinda tu'sinik beredi. Neler balani sanasiz ra'wishte qaweterge salsa, tap sol na'rseler balalardin' suwretinde ko'rsetiledi.

Shan'araq suwreti bala shaxsinin' psixologiyaliq portreti. Psixologlar bul testten balanin' shan'araqtag'i "men"in u'yreniw maqsetinde paydalanadi. Bul testti o'tkeriw pedagog ha'm psixolog a'melyatinda qolay. Bul testti oqitiwshilar, mektep psixologlari ha'm ata-analar o'tkeriwleri mu'mkin.

Metodikani o'tkeriw ushin: aq qag'az beti (A4), alti ren'li qa'lem, (qara, qizil, ko'k, jasil, sari, qon'ir ren') o'shirgish kerek.

Balag'a: "Iltimas, o'z shan'arag'in'nin' suwretin sizip ber"- dep aytiladi. Biraq shan'araq ne ekenligi haqqinda tu'sindirilmeydi, sebebi metodika o'tkeriwdin' maqseti o'zgeredi. Tapsirmani o'tkeriw ushin waqit shegaralanbaydi. Tapsirmani bala orinlag'anda to'mendegilerge itibar beriw kerek: quramlardi siziw izbe-izligi, quramlardin' o'shiriliwi, balanin' ta'riyplerge, sezimlerge beriliwi ha'm t.b.

Tapsirma orinlap boling'annan son' balag'a to'mendegi sorawlar beriledi:

1)Aytshi sen bul suwrette kimlerdi sizdin?

2)Olar qay jerde?

3)Olar ne qilip atir?

4) Olar quwanishlima, yaki bir na’rselerden zerikkenbe?

5)Olardan qaysi biri baxtli? Ne ushin?

6) Olardan qaysi biri ju’da baxtsiz? Ne ushin?

Aqirg’i eki soraw ha’r bir bala qila almaytug’in sezimlerdi ashiq taliqlawg’a u’ndeydi. Sonin’ ushin eger bala olarg’a juwap bermese yaki rasmiy juwap berse, juwap beriwge ma’jbu’rlew kerek emes. Psixolog sa’wbet arqali balanin’ sizg’an suwreti ma’nisine aniqliq kiritedi: onin’ ha’r bir shan’araq ag’zasina bolg’an sezimi, shan’araq ag’zalarinan birewinin’ suwretin sizbasa (eger bunday hallar sadir bolsa), suwrette belgilengen detallar ol ushin qanday a’hmiyetke iye (qus, haywan ha’m baliq). Imkaniyat barinsha, tuwri sorawlardan qaship, juwap beriwdi talap qilmaw kerek. Sebebi, bul qaweterleniw, qorg’aniw reaktsiyasin asiriwg’a alip keliwi mu’mkin. A’dette proektiv sorawlar na’tiyjeli esaplanadi. Ma’selen: ”Eger qustin’ ornina adamdi suwreti sizilg’an bolg’anda, bul kim boliwi mu’mkin edi?”, “Sen ha’m ajag’an’ ortasindag’i jarista kim jen’ip shig’ar edi?”, “Kimdi anan’ o’zi menen birge alip ketiw ushin shaqiradi?”.

Sa’wbetten son’ biz balag’a 6 jag’daydi sheshiwdi usinis etemiz. Bunda u’shewi shan’araq ag’zalarina qarata unamsiz ha’m u’shewi unamli sezimlerdi aniqlawi za’ru’r.

1. Ko’z aldin’a keltir, sende cirkke eki belet bar. Sen o’zin’ menen birge bariw ushin kimdi mirat qilg’an bolar edin’?
2. Ko’z aldina keltir, senin’ ba’rshe shan’araq ag’zalarin’ miymang’a ketip baratir, biraq kimdir kesel bolip qaldi ha’m u’yde qaliwg’a ma’jbu’r. Ol kim?
3. Sen konstruktordan u’y qurip atirsan’ (quwirshaq ushin qag’azdan ko’ylek qirqip atirsan’) ha’m senin’ a’wmetin’ kelmedi. Sen kimdi ja’rdemge shaqirasan’?
4. Sende qiziqli ko’rkem film ushin “N” bilet bar (shan’araq ag’zalari saninan birewi kem). U’yde kim qaladi?

5. Ko'z aldin'a keltir, kimsesiz aralg'a tu'sip qaldin'. Sen ol jerde kim menen jasawdi qa'leysen'?
6. Sen qiziqli loto sawg'asin aldin'. Ba'rshe shan'araq ag'zalarin' oying'a otirdi, biraq ku'tilgennen bir adam artiqsha. Kim oynamaydi?

"Shan'araq suwreti" testin analiz qiliw ushin to'mendegilerdi biliw za'ru'r:

a) balanin' jasi,

b) shan'araq ag'zalarinin' sanin,

v) ajag'a, ini, ajapa yaki sin'lilerinin' jasin biliw kerek.

Shan'araq suwretinin' analizi

1) Balanin' haqiyqiy shan'arag'i onin' sizg'an shan'araq suwreti menen salistiriladi. Shan'araqtag'i o'z – ara munasibetler ha'm ondag'i ortaliq unamli bolsa, bala shan'araqtag'i ba'rshe shan'araq ag'zalarinin' suwretin sizadi. Eger suwrette shan'araq ag'zalarinin' birewi sizilmag'an bolsa, demek shan'araqliq jag'day toliq emes.
2) Eger suwrette shan'araqqa baylanisli bolmag'an adamlardin' suwreti sizilg'an bolsa: a)itibarsizliq, jalg'izlanip qaliw b) ku'shli u'lken qaweterleniw da'rejesi.
3) A'dette balalar shan'araqtin' qaysi bir ag'zasi menen qarama-qarsiliqli mashqala ju'zege kelgen bolsa, soni siziwdi unitip qoyadi. Ko'p hallarda ajag'a, ini, ajapa sin'lilerinin' suwretin sizbaydi. Bul menen bala shan'araqta o'zinin' u'stinligin, ata-anasinin' mexrina toymag'anlig'in ko'rsetedi. Ma'selen, bala o'zin ata-anasinin' ortasinda sizip ko'rsetken, kishi u'kesin yaki sin'lisin bolsa uliwma sizbag'an.
4) Eger bala o'z suwretin sizbag'an bolsa yaki shan'arag'inin' ornina tek o'zin sizsa demek bul halda shan'araqta uliwma birliktin' joqlig'inan derek beredi.
5) Eger shan'araqtin' ornina bala haywanlar ha'm quslardi sizsa, demek balag'a itibar ha'm sezimlik mu'layimlilik jetispeydi.

6) Eger bala shan’araq ag’zalarinin’ suwretin qollari tutasqan ha’m bir qatarda sizg’an bolsa, demek bul shan’araqta psixologiyaliq iqlim jaqsi. Eger onday bolmasa, demek kersinshe.

7) Eger shan’araq ag’zalari topar-topar bolip sizilg’an bolsa, demek bul shan’araqta kishi toparlar barlig’in bildiredi. Ma’selen, 9 jasli bala o’zin atasi menen , anasi ha’m apasin o’z aldina toparda sizg’an.

8) Shan’araq ag’zalarinin’ kiyiminde ko’p quramlardin’ barlig’i, ren’liligi shan’araqliq munasibetlerdin’ jaqsilig’in ko’rsetedi ha’m kersinshe shan’araqliq mu’nasibetlerde adawat bolsa shan’araq ag’zalarinin’ gewdeleri toliq bolmay, kiyimsiz yaki juwmaqlanbag’an halda siziladi.

9) Balalar a’dette atasi ha’m anasin ju’da u’lken qilip sizadi. Demek, shan’araqtag’i munasibetler ten’lik tiykarinda, bala o’zin shan’arag’inda u’lkenlerdey sezedi.

10) Eger balalar o’zlerin atasi ha’m anasinanda u’lkenirek qilip sizsa, demek balanin’ o’zin o’zi bahalaw da’rejesi ju’da joqari.

11) Eger bala o’zin basqa shan’araq ag’zalarina qarag’anda kishi qilip sizsa ata-anasi ta’repinen g’amxorliq talap qiladi.

12) Eger bala o’z suwretinde qollarin joqarig’a ko’tergen halda, barmaqlarin uzin qilip sizg’an bolsa, bul onin’ agressivliginen derek beredi. Bazida bunday suwretlerdi juwas balalarda o’zinin’ atraptag’i adamlarg’a qarata agressivlik ruxta ekenligi biraq bul halat jasirinlig’i ma’lim boladi ha’mde bala ku’shli ha’m o’zgeler u’stinen hukimran boliw qa’lewi barlig’in bildiredi.

13) Eger bala shan’araq ag’zalarinin’ qollarin mushqa tuyilgen halda, barmaqlarin uzin halatta sizsa, demek ol sol shan’araq ag’zasinin’ o’zine qarata agressivligin sezedi.

14) Eger bala o’zinin’ tislerin u’lken qilip sizg’an bolsa, demek onda tislew, baqiriw, qopalliq qiliwg’a meyillik ku’shli. Eger bala basqa

shan'araq ag'zalarin sonday halatta sizsa a'ne sol shan'araq ag'zasina qarata qorqiw ha'm dushpanliqti sezedi.

15) shan'araq suwreti testi balanin' jas o'zgeshelikleri menen baylanisli. 3-4 jastag'i balalar adam gewdesin siziqlar menen toliq bolmag'an halda sizadi. 7-8 jasli balalar suwreti bolsa juda ken'rek bolip, gewde du'zilisleri toliq, suwretler tamamlang'an boladi.

"shan'araq suwreti" metodikasi ushin o'lshemlik bahalaw dizimi islep shig'ildi ha'mde bes belgiler toplami ajratildi:

1-Qolay shan'araqliq sharayat,

2-Qaweterleniw,

3-Shan'araqtag'i kelispewshilik,

4-O'zinen qaniqpasliq sezimi

5-Shan'araqliq sharayattag'i adawat.

Ha'r bir belgiler toplami ballar menen bahalanatug'n bir qatar ko'rsetkishlerden ibarat boladi. Eger ko'rsetkish joq bolsa, onda ha'mme halatlarda 0 qoyiladi. Belginin' qatnasiwi 1 ball dep bahalanadi. Ha'r bir belgiler toplami boyinsha joqari ball 7 den 9 g'a shekemgi baldi quraydi.

Shan'araq kinetic suwretinin' belgileri toplami

| Belgiler toplami | № | Belgi | Ball |
|---|---|---|---|
| I.Qolay shan'araqliq jag'day | 1 | Shan'araqtag'i ba'rshe | 0,2 |
| | 2 | ag'zalardin' uliwma xizmeti | 0,1 |
| | 3 | Suwrette adamlardin' ko'pligi | 0,2 |
| | 4 | Shan'araqtag'i ba'rshe | 0,2 |
| | 5 | ag'zalarinin' ko'pligi | 0,1 |
| | 6 | Shan'araqta jekkelenip qalg'an | 0,1 |
| | 7 | ag'zalardin' joqlig'i | 0,2 |
| | 8 | Shtrixovkanin' joqlig'i | 0,1 |

| | | | |
|---|---|---|---|
| | | Siziqtin’ jaqsi sipati<br>Adawat ko’rsetkishlerinin’ joqlig’i<br>Qag’azda adamlardin’ uqsas ko’riniste bo’listiriliwi<br>Mu’mkin bolg’an basqa belgiler | |
| II. Qaweterleniw | 1<br>2<br>3<br>4<br>5<br>6<br>7<br>8<br>9 | Shtrixovka<br>Tiykar sizig’i- jinis<br>Suwret u’stindegi siziq<br>Ku’shli basip sizilmag’an siziq<br>O’shiriw<br>Detallarg’a itibardi ku’sheyttiriw<br>Zatlardin’ ko’pligi<br>Qosilg’an yaki bo’lek-bo’lek siziqlar<br>Ayrim detallardi qaytalaw<br>Mu’mkin bolg’an basqa belgiler | 0,1,2,3<br>0,1<br>0,1<br>0,1<br>0,1,2<br>0,1<br>0,1<br>0,1<br>0,1 |
| III. Shan’araqtag’i kelispewshilik jag’dayi | 1<br>2<br>3<br>4<br>5<br>6<br>7<br>8<br>9<br>10<br>11 | Shaxslar ortasindag’i tosiqlar<br>Ayrim ko’rinislerdin’ asirip taslaniwi<br>Ayrim ko’rinislerde gewdenin’ ayrim bo’limlerinin’ joqlig’i<br>Ayrim ko’rinislerdi ajratip ko’rsetiw<br>Ayrim ko’rinislerdi jekkelep qoyiw<br>Ayrim ko’rinislerdin’ uqsas bolmag’an u’lkenligi | 0,2<br>0,1,2<br>0,2<br>0,2<br>0,2<br>0,2<br>0,1<br>0,1<br>0,2<br>0,1 |

| | | | |
|---|---|---|---|
| | | Sirtqi ta’sir menen suwrettin’ mas kelmewi<br>Zatlardin’ ko’pligi<br>Suwrette shan’araq ag’zalarinan ayrimlarinin’ joqlig’i<br>Arqasi menen turg’an shan’araq ag’zasi<br>Mu’mkin bolg’an basqa belgiler | |
| IV. Shan’araqliq jag’dayda jetik emeslik sezimi | 1<br>2<br>3<br>4<br>5<br>6<br>7<br>8<br>9 | Suwret avtori mas emes ko’riniste kishi<br>Ko’rinislerdin’ qag’azdin’ to’mengi bo’limlerinde jaylasiwi<br>Siziq jen’ishke u’zilgen halda<br>Avtordin’ basqalardan ajralip qaliwi<br>Kishi ko’rinisler<br>Avtor ko’rinisinin’ basqalarg’a qarag’anda ha’reketsizligi<br>Avtordin’ joqlig’i<br>Avtor arqag’a qarap turipti<br>Mu’mkin bolg’an basqa belgiler | 0,2<br>0,2<br>0,1<br>0,1<br>0,2<br>0,1<br>0,1<br>0,1 |
| V. Shan’araqliq mu’nasibetlerde adawat | 1<br>2<br>3<br>4<br>5<br>6 | Bir ko’rinis basqa qag’azda yaki qag’azdin’ artqi ta’repinde<br>Ko’rinistin’ tutqan tajawiz joli<br>O’shirip taslang’an ko’rinis<br>Ko’rinisi o’zgertilingen ko’rinis<br>Keri profil | 0,2<br>0,1<br>0,2<br>0,2<br>0,2<br>0,1 |

| | | | |
|---|---|---|---|
| | 7 | Qollar eki ta’repke qoyilg’an<br>Barmaqlar uzin qaytalap ko’rsetilgen<br>Mu’mkin bolg’an basqa belgiler | 0,1 |

Misal ushin 7 jasli balanin’ sizg’an shan’araq suwretine mu’rajat qilamiz. Balanin’ shan’arag’i anasinan, apasinan, ha’m o’zinen ibarat. Bala suwrette o’zin, anasin ha’m atasin sizg’an. Atasi ko’pten berli olar menen jasamaydi. Bunnan sonday juwmaq shig’ariw mu’mkin ol bala shan’araqtag’i uliwma birlikti sezbeydi, apasina qarata tajawizkarliq bar. Anasi menen o’zinin’ arasinda sezimlik jilliliq joq. Suwrette bala atasi menen birgelikte jasaw qa’lewi barlig’in jasirinsha bildirgen. Bala o’zin shan’araqta jalg’iz, jekkelengen halda, ha’mme ta’repinen taslap qoyilg’anday sezedi.

Ekinshi missal, 6 jasli qiz o’z shan’arag’in suwretlegen. Suwrette ba’rshe shan’araq ag’zalari bir-birinin’qollarin uslag’an halda suwretlengen. Qiz o’zin suwrettin’ orayina sizg’an. Suwretti analiz qilar ekenbiz, shan’araqta psixologiyaliq iqlim jaqsi ekenligin bilip aldiq. Qiz o’zin shan’araqta kerekliligin, ata-anasinin’ ha’m shan’araq ag’zalarinin’ mexrin sezedi.

Sonday qilip bala o’zin shan’araqta qanday seziwin biliwdi qa’lesen’iz, og’an taza aq qag’az berin’ ha’m shan’araq suwretin sizip beriwin iltimas qilin’.

## II.2. Balanin’ psixologiyaliq rawajlaniwina ta’sir etiwshi shan’araqliq mu’na’sibetlerdi aniqlaw metodikasi.

(A.Ya.Varga ha’m V.V.Stolinnin’ “ Pedagog ha’m ata-analardin’ balalarg’a mu’nasibeti” test sorawnamasi)

“Ata-analar ha’m pedagoglardin’ balalarg’a bolg’an mu’nasibetleri sorawnamasi” shuqir jumis na’tiyjesi bolip, psixologiyanin’ iri wa’killeri L.S.Vigotskiy,S.L.Rubinshteyn, L.I.Bojovichlar ta’repinen islep shig’ilg’an metodologik jandasiwg’a, sonday-aq, K.Rodjers, A.Masloulardin’ insanparwarliq, psixologiya prinsiplerine ha’m V.Franklidin’ ekzistensial psixologiyasina tiykarlang’an. Test – sorawnamani uslubiy sheshiw F.Ya.Varga ha’m V.V.Stolin ta’repinen islep shig’ilg’an ata-analar mu’nasibetleri taniqli metodikanin’ tiykarg’i wazipalari menen aniqlang’an. Sorawnama ta’rbiyashilar, oqitiwshilar, ha’m ata-analardin’ balag’a bolg’an mu’nasibetleri o’zgesheliklerin aniqlawg’a qaratilg’an psixodiagnostik qural sipatinda xizmet qiladi, ol tek u’lkenlerdin’ balag’a bolg’an mu’nasibet xarakterin, ba’lki balalar emotsional tarawin ha’m biliw xzmetindegi destruktiv u’yreniwler, sonday-aq, balanin’ ten’lesleri, u’lkenler ha’m atrap-a’lem menen shaxslar-ara mu’nasibetleri buziliwi sebeplerin aniqlawg’a imkan beredi. Bul sorawnamanin’ eki varianti bolip biri ata-analar, ekinshisi ta’lim dizimi xizmetkerleri ushin keltirilgen. Aling’an na’tiyjelerdin’ gilti ha’m interpretatsiyasi eki varianttada mas keledi. U’lkenlerdin’ balag’a bolg’an ka’siplik mu’nasibeti balalar menen mu’nasibetinin’ tek bilim ha’m ko’nlikpeleri, ba’lki balag’a bolg’an mu’nasibettin’ minez-quliq, ka’siplik streotiplerin aniqlawshi ha’r tu’rli sezimler dizimi sipatinda da tu’siniledi. Metodika boynsha test na’tiyjeleri psixologqa tek u’lkenledi balalar menen o’z-ara mu’nasibetlerdin’ buziliw sebepleri, ba’lki pedagog yaki ata-analar ushin zarur psixologiyaliq xoshamet ha’m ta’rbiya sheberliginin’ rawajlaniwin aniqlawdi ta’miynleydi. Metodikani individual ha’m toparliq islerde alip bariw mu’mkin.

Sorawnama to’rt shkaladan ibarat::

I. ”Qabil qiling’an-qorlang’an”. Bul shkala u’lkenlerdi balalarg’a emotsional integral mu’nasibetinde ko’rinedi.

II. “Kooperatsiya” – u’lkenlerdin’ balalarg’a ka’siplik mu’nasibetinin’ sotsial qa’lewshi obrazi.

III. “Avtoritar gipersotsiallasiw” – bala qulqin qadag’alaw bag’dari ha’m ko’rinisi.

IV. “Kishi a’wmetsiz”. U’lkenler balalardi qabil qiliwda ha’m tu’siniw o’zgesheliklerinde ko’rinedi.

Test-sorawnamasin o’tkeriw ushin ko’rsetpe.

Iltimas, ha’r bir ko’rsetpeni diqqat penen oqip shig’in’. Egerde ko’rsetpege razi bolsan’iz, juwaplar betine “+”, egerde narazi bolsan’iz “-“ belgisin qoyin’. Shin kewilden juwap beriwge ha’reket qilin’. Tuwri yaki natuwri juwaplar bolmaydi. Bizin’ sizler menen maqsetimiz balalarg’a salamat ha’m baxtli boliwina ja’rdem beriw.

“Ata-analardin’ balalarg’a mu’nasibeti test sorawnamasi”

(Sorawnama teksti)

1. Oylayman ata-analar perzentleri neni oylap atirg’anliqlarin biliwleri za’ru’r.

2. A’dette, ata-analar bala shaxsina bolg’an hu’rmetti o’z ha’reketlerinde ko’rsete almaydilar..

3. Ata-analar, ko’binshe o’z perzentlerinen g’azeplenedi.

4. Bazida ata-analar perzentlerine basshi-xizmetshi munasibetinde boladi.

5. Bazida ata-analar o’z perzentlerinin’ halina ashinadi.

6. Bazida menin’ balam ashiwimdi shig’ariw ushin o’zin atayin jaman tutip atirg’ang’a uqsaydi.

7. Menin’ balam ha’mme jaman na’rselerdi “gubka” siyaqli sin’dirip alip atirg’ang’a uqsaydi.

8. Balani qatti qolliqta uslaw kerek, sondag’ana onnan hujdanli adam shig’adi.

9. Perzentimnin’ doslari u’yge miyman bolip keliwleri mag’an jag’adi.

10. Tanislarim arasinda balalar haqqinda ga’p ketkende, men o’zimdi qolaysiz sezemen, sebebi menin’ perzentim men qa’legenshelik aqilli ha’m qabiletli emes.

11. Perzentimnin’ o’sip atirg’anina ha’m ulkeyip atirg’anina ashinaman, onin’ kishkeneligin intig’ip esleymen.

12. Perzentimnin’ o’mirde men erise almag’an na’rselerge erisiwin arziw qilaman.

13. Shan’araqliq qararlar qabil qiliwda balanin’ pikrin de inabatqa aliw za’ru’r.

14. Perzentim menen urisip qalg’animda, ko’binshe onin’ o’zinshe haqlig’in ta’n alaman.

15. Balalar ata-analar da qa’te qiliwlari mu’mkinligin erte bilip aladilar.

16. Ko’pshilik ata-analar o’z perzentlerinin’ did ha’m qa’lewlerin eger olar o’zlerinikine tuwri kelmese, inabatqa almaydi.

17. Perzentimnin’ qirsiqlig’inin’ tiykarg’i sebebi qosjaqpasliq ha’m o’jetlik dep bilemen.

18. Eger dem alis bala menen o’tse, jaqsi dem aliw qiyin.

19. Bazida mag’an perzentim hesh bir jaqsi na’rsege jaramaytug’in bolip ko’rinedi.

20. U’lkenler a’dette o’kpelewshilik, ko’z jasi ha’m qaysarliqtin’ haqiyqiy sebepleri barlig’i haqqinda oylamaydi.

21. Bala ta’rbiyasi – ha’r dayim nerv buziliwlarinan ibarat.

22. Balaliqtag’i qatti intizam ku’shli xarakterdi rawajlandiradi.

23. Menin’ perzentim birar na’rseni mustaqil qila almaydi, qilg’andada bul jumis kewildegidey shiqpaydi.

24. Menin’ perzentim qiyinshiliqlarg’a maslaspay er jetip atirg’anlig’i meni qaweterge saladi.

25. Perzentim mag’an qanday bolsa sondaylig’insha jag’adi.

26. Bazida o’mir ata-analardi ayazlag’an balag’a da’ri berip, mektep yaki baqshag’a jiberiwine ma’jbu’r qiladi.

27. Bala onin’ ata-anasina jaqqan balalar menen doslasiwi maqsetke muwapiq.

Na’tiyjeler analizi

Ha’r bir gilt penen tuwri kelgen juwap ushin bir ball qoyiladi. Son’ ballar ha’r bir shkala ushin o’z aldina esaplap shig’iladi.

1.”Qabil qiling’an qorlang’an”:2+,3+,6+,10+,16+,17+,18+,19+,20+,20+,21+,24+,25+;

2.”Kooperatsiya”:4+,13+,14+,15+; va 6-,8-,16-;

3.”Avtoritar gipersotsiallasiw”:1+,8+,12+,22+,26+;va 10-,27-;

4.”Kishi a’wmetsiz”:5+,7+,10+,11+,14+,16+,23+,27+; va 24-.

”Qabil qiling’an – qorlang’an shkalasi- maksimal jiyindisi 13 ball

“Kooperatsiya” –shkalasi – maksimal jiyindisi 7 ball

“Avtoritar gipersotsiallasiw” –shkalasi – maksimal jiyindisi 7 ball

“Kishi a’wmetsiz”. – shkalasi maksimal jiyindisi 9 ball

**“Qabil qiling’an - qorlang’an” shkalasi-maksimal jiyindisi 13 ball**

Egerde sinaliwshi 0 den 4 ballg’a shekem toplasa, ol jag’dayda u’lkenlerge bala qanday bolsa, sondaylig’insha jag’adi. Ol ha’r bir balanin’ individuallig’in hu’rmet qiladi ha’m jaqtiradi. U’lkenler ko’p waqitlarin balalar menen o’tkeriwge ha’m olardin’ reje ha’m qizig’iwlarin qabil qiliwg’a ha’reket qiladi.

Egerde sinaliwshi 4 ha’m onnan joqari ball toplasa, bunda ol balalardi ta’rtipsiz, a’wmetsiz, maslasa almaytug’in, dep qabil qiladi. Ko’p halatlarda u’lkenler balalarg’a qarata ashiwlaniw, agressivlikti sezedi. Uliwma alg’anda balag’a isenbeydi bala shaxsina hu’rmet penen qaramaydi.

Psixolog u’lkenler 8 balldan joqari ball alg’an halatlarg’a diqqat-itibarin qaratiwi kerek. Bul sonnan Derek beredi, ol balag’a qarata mu’nasibetlerdegi, o’zinin’ is-ha’reketleri, ta’riypleri ha’m ta’rbiyalaniwshi shaxsina hu’rmet mu’nasibetin bildiriwde qiyinshiliqti sezedi.

**“Kooperatsiya” shkalasi-maksimal jiyindisi 7 ball.**

Eger sinaliwshi bul shkala boyinsha 5-7 ball toplasa, bunda u’lkenler balalardin’ reje ha’m jumislari menen qizig’adi, balalardi qollap-quwatlap, ha’mdertlik bildiriwge ha’reket qiladi. Ol balalardi intellectual ha’m do’retiwshilik qabiletlerin joqari bahalawi ha’m ta’rbiyalaniwshilari ushin gurur sezimin seziwi mu’mkin. U’lkenler balalardin’ baslamasi ha’m mustaqillig’in xoshametlep, olar menen o’zlerin ten’ ko’rip,isenip, ba’sekili sorawlarda olardi pikirlerin qabil qiliwg’a qadir.

Eger sinaliwshi 4 ball ha’m onnan pa’s ball toplasa, bul balanin’ jalg’izlig’inan derek beredi.

**“Avtoritar gipersotsiallasiw” shkalasi-maksimal jiyindisi 7 ball.**

Eger sinaliwshi 0 den 3 ballg’a shekem toplasa, bul normani bildiredi. Eger sinaliwshi 3 den joqari ball toplasa, bul mu’nasibetlerde avtoritarizm barlig’in ayqin ko’rsetedi. U’lkenler balalardan so’zsiz boysiniw ha’m ta’rtip intizamdi talap qiladi. Olar balalarg’a o’z qararin sin’diriwge, biraq olardin’ pikrinde qabil qiliwg’a intiledi. Balalar ta’repinen qiling’an qulaqsizliqlardi jazalaydi. U’lkenler balalardi sotsial jen’iske erisiwin go’zlegen halda olardan sotsial jen’isti talap qilip, shaxsiy rawajlaniw menen qiziqpaydi. Bunda olar balalardin’ individual qabiletleri, a’detleri, pikirleri ha’m sezimlerin jaqsi biledi.

**“Kishi a’wmetsiz” shkalasi-maksimal jiyindisi 9 ball.**

Eger sinaliwshi 2 ball toplasa, bul norma esaplanadi. 3 ha’m onnan joqari ball u’lkenlerdin’ bag’darin xarakterlep, bunda u’lkenler balada shaxsiy ha’m sotsial jetiklikti ko’rmeydi. Bul bolsa infantillikke alip keledi. U’lkenler balani o’zinin’ jasina qarag’anda kishirek jasta ko’redi. Balanin’ qizig’iwlari, pikirleri ha’m sezimleri balalarsha bolmag’an halda qabil qilinadi. Balalar maslaspag’an, jen’issiz, keri ta’sirlerge beriliwshen’ dep oylaydi. U’lkenler balalarg’a, olardin’ jen’islerine ha’m birar bir jumisti orinlay aliw qabiletine isenbeydi. Sol mu’nasibet penen olar balalardi is-ha’reketlerin qadag’alap rejelestiredi.

Eger sinaliwshi 8-9 ball toplag’an bolsa, onda psixolog u’lkenlerdi balalardin’ jas ha’m individual imkaniyatlarina bolg’an noadekvat emotsional mu’nasibetke itibar qaratiwi lazim.

**Aling’an na’tiyjeler analizi:**

Biz bul metodikani 10 ata-anada qolladiq ha’m to’mendegishe juwmaq shig’arildi.

Bul metodikani o’tkeriwde 6 ata-ana “Avtoritar gipersotsiallasiw” shkalasi boyinsha joqari ballardi topladi.

“Avtoritar gipersotsiallasiw” – bala qulqin qadag’alaw bag’dari ha’m ko’rinisi.

Maksimal jiyindisi 7 ball. Bul mu’nasibetlerde avtoritarizm barlig’i ayqin ko’rinedi. U’lkenler balalardan so’zsiz boysiniw ha’m ta’rtip-intizamdi talap qiladi. Olar balalarg’a o’z qararlarin sin’diriwge, biraq olardin’ pikrinde qabil qiliwg’a urinadi. Balalar ta’repinen qiling’an o’z basimshaliqti jazalaydi. U’lkener balalardi sotsial jen’iske erisiwin go’zlegen halda olardan sotsial jen’isti talap qilip, shaxsiy rawajlaniwi menen qiziqpaydi. Bunda olar balalardin’ individual qabiliyetleri, a’detleri , pikirleri ha’m sezimlerin jaqsi biledi.

3 ata-ana “Kishi a’wmetsiz” shkalasi boyinsha joqari ball topladi. Bunda u’lkenler balalardi qabil qilwda ha’m tu’siniw o’zgesheliklerinde ko’rinedi. Bunda u’lkenler balada shaxsiy ha’m sotsial jetiklikti ko’rmeydi. Bul bolsa infantillikke alip keledi. U’lkenler balani o’zinin’ jasina qarag’anda kishirek jasta ko’redi. Balanin’ qizig’iwlari, pikirleri ha’m sezimleri balalarsha bolmag’an halda qabil qilinadi. Balalar maslaspag’an, jen’issiz, keri ta’sirlerge beriliwshen’ dep oylaydi. U’lkenler balalarg’a, olardin’ jen’islerine ha’m birar bir jumisti orinlay aliw qabiletine isenbeydi. Sol mu’nasibet penen olar balalardi is-ha’reketlerin qadag’alap rejelestiredi.

Qalg’an 1ata-ana kooperatsiya shkalasi boyinsha joqari ball topladi. – u’lkenlerdi balalarg’a ka’siplik mu’nasibetinin’ sotsial qa’lewshi obrazi. Bunda u’lkenler balalardin’ reje ha’m jumislari menen qizig’adi, balalardi qollap-quwatlap, ha’mdertlik bildiriwge ha’reket qiladi. Ol balalardi intellectual ha’m do’retiwshilik qabiliyetlerin joqari bahalawi ha’m ta’rbiyalaniwshilari ushin gurur sezimin seziwi mu’mkin. U’lkenler balalardin’ baslamasi ha’m mustaqillig’in xoshametlep, olar menen o’zlerin ten’ ko’rip,isenip, ba’sekili sorawlarda olardi pikirlerin qabil qiliwg’a qadir.

## II.3. Balalardin' psixologiyaliq rawajlaniwina ta'sir etiwshi shan'araqliq mu'nasibetlerdi rawajlandiriwshi treningler.

Psixologiyaliq shinig'iwlar ha'm treningler

Treningnin' baslaniwi. Qatnasiwshilarg'a soraw beriw kerek: Biz bul jerge ne ushin jiynaldiq? Topardin' ha'r bir qatnasiwshisi bul jerde qaliwdan go'zlegen maqsetin tu'sindirip beriw kerek.

### 1-shinig'iw «Sa'lemlesiw»

Basqariwshi qatnasiwshilardi shen'ber qilip otirg'izip olardi toparlarg'a ajratadi ha'm toparshalar bir-biri menen sa'lemlesedi.

### 2-shinig'iw «Tanisiw»

Basqariwshi ko'rsetpesine qaray on' yaki shep ta'repinde turg'an qatnasiwshilardan biri o'z atin ayadi. Ekinshi qatnasiwshi bolsa birinshisinin' ha'm ekinshi ha'm o'zinin' atin aytadi.

### 3-shinig'iw «Impulsti shinjir boyina uzatiw»

Topardin' ha'r bir qatnasiwshisi o'zinin' shep ta'repindegi qon'isisinin' on' qolin bileginen uslap aladi. Basqariwshi signali boyinsha qoldi jen'il ha'reket penen braz qisip qoyadi. Aste aqirin temp asirilip bariladi ha'm implus beriwde uziliw ju'z bergen qatnasiwshilardi ajratip alinadi ha'm olar menende o'z aldina islenedi.

### 4-shinig'iw «Ko'rler shinig'iwi»

Basqariwshi signalina qaray ha'mm qatnasiwshilar k'zlerin jumadi ha'm xana boylap ha'reket qiliwi mu'mkin.

Maqset: Basqariwshi qatnasiwshilardi gu'zetip bariw, sonday-aq qatnasiwshilar signal boyinsha ko'zlerin ashadi ha'm o'zlerinin' qay jerde ha'm kim menen urip qalg'an ornin belgileydi.

### 5-shinig'iw. «Qapashiliq ha'm ga'p ko'termeslik»

Shinig'iw maqseti: Dosliq mu'nasibetlerin jaziwdan aldin o'z is-ha'reketlerin an'lap jetiw kerekligin balalarg'a tu'sindiriw.

Kirisiw so'zi; adamlardin' qilg'an islerin bazida keshiremiz, bazida bolsa keshirmeymiz. Bazida bolsa bizde birewden qapa bolip ketemiz. Buni qapa boliw deymiz . Qapa boliw eki tu'rli boladi: haqiyqiy ha'm jalg'an. Eger sennen birar kisi qapa bolip qalsa oylap ko'r ha'm onin' qapashilig'ina da'rriw juwap bere ko'rme  sebebi bul  apiwayi qapashiliq boliwi mu'mkin. Ba'lki ol adam sizden uliwma qapa bolmag'an shig'ar. Eger bizdi birar adam qapa qilsa da'rriw onnan arazlap qalamiz biraq o'zimiz birewlerdi qapa qilip qoyg'animizdi sezbey qalamiz. Sonin' ushin ha'r bir is-ha'reketimizdi ha'm ha'r bir jumisimizdi oylap qiliwimiz lazim.

Birewden qapa boliwdan aldin o'zimizdin' is-ha'reketlerimizdi ga'p so'zlerimizdi analiz qlip ko'riwimiz kerek. Ba'lki qa'telik o'zimizden o'tken shig'ar. Tek g'ana parasatsiz adam g'ana ha'r dayim, ha'mishe basqalardi ayiplap, arazlab qapa bolip ju'redi. Aqilli adam bolsa kelispewshilik sebebin o'zinen izleydi. Soni yadin'izda tutin' qiling'an jumisti aytilg'an so'zdi qaytarip bolmaydi. Ha'rkim o'z qilg'an jumisi ushin o'zi juwap beredi.. Aqilli adam buni hesh qashan umitpawi kerek.

Endi oqiwshilarg'a wazipa beriledi: ha'r kim o'zinin' ga'p ko'termeslik jag'daylarin aytip bersin. Aytilg'an pikrler boyinsha  juwmaq shig'ariladi.

**6-shinig'iw. «Erkelep aytilg'an ism»**

Ha'mme qatnasiwshilar shen'ber bolip otiradi. U'y wazipasi bolg'an erkelep aytilatug'in atlardi esitkenlerinde  qanday sezimler ta'sirinde bolg'anlig'in aytip beredi . Bul shinig'iw dawaminda qatnasiwshilardin' ashiqkewilliklerine ashiq-aydin so'ylesiwge tayarliqlarina  o'zlerinin' sezimlerin jetkerip qanday ta'riyplep beriwge itibarin qaratiw lazim.

### 7-shinig'iw.«Qarama-qarsiliqlar»

Oyin maqseti: Oylaw ha'm so'ylewdi rawajlandiriw.

Oyinnin' barisi: Baslawshi balalar toparina bir suwret ko'rsetedi. Sol suwrettegi predmettin' mazmuni jag'inan kersinshesin an'latiwshi predmet atin aytiw oyinnin' tiykarg'i maqseti.

Ma'selen, baslawshi kesani ko'rsetti desek. Balalar dasturxan dep aytiwlari mu'mkin ha'm sol ko'riniste dawam ettiriw mu'mkin.

Ha'r bir bala na'wbetpe na'wbet o'z juwabin usinis etedi ha'm a'lbette, ne ushin tap sol na'rseni tan'lag'anlig'in isbatlap beredi.

### 8-shinig'iw. «Suwret-jumbaq»

Oyinnin' maqseti: oylaw,qabil etiw, eleslerdi rawajlandiriw.

Oyinnin' barisi: Balalar tpari ishinen bir jetekshi tan'lap alinadi, qalg'anlar stulda otiradi, olar jumbaqti tabiwlari sha'rt. Trenerde ha'r tu'rli buyimlardin' kishi suwretleri saling'an u'lken quti boladi (bunda balalar lotosi suwretlerinende paydalaniw mu'mkin).

Jetekshi bala trenerdin' aldina keledi ha'm bir suwret aladi. Qalg'an balalarg'a ko'rsetpegen halda suwrettegi buyimdi ta'riyplep beredi. Topardag'i balalar o'z variantlarin aytadi.

Birinshi bolip tuwri juwap tapqan bala keyingi gezekte jetekshilik qiladi.

### Qarim-qatnas o'zgesheliklerin rawajlandiriw.

### 9-shinig'iw. «Kompliment» so'zler

Shinig'iwdin' maqseti: oyin dawaminda qatnasiwshilardin' diqqatin qarim-qatnas protsesinde kompliment so'zlerdi qollawdin' a'hmiyetliligine qaratiwdan ibarat.

Ba'rshe qatnasiwshilar shen'ber bolip otiradi. Basqariwshi sonday deydi:

Ha’zir biz bir-birimizge jag’imli so’zler aytamiz. Jag’imli so’zlerdi aytiwdan aldin a’lbette sol shaxstin’ atin aytiw lazim. Ma’selen: Elmira, sen suliwsan’, ashiq kewil qizsan’, ha’r dayim ha’mmege ja’rdem beresen’.

Shen’ber boylap na’wbetpe-na’wbet qatnasiwshilardin’ ha’mmesi bir-birine maqtawlar aytadi. Ha’mme aytip bolg’annan son’, basqariwshi endi ha’r birin’iz aytilg’an maqtawlardan nelerdi sezindin’iz yaki birewlerdi maqtag’anda nelersi sezdin’iz dep soraydi.

Bul oyin topardin’ keypiyatin ko’teredi ha’m kelispewshiliklerdin’ aldin aliwg’a ja’rdem beredi.

Taliqlaw tamamlang’annan keyin basqariwshi juwmaq qilip komplimenttin’ insanlarg’a qanday ta’sir etiw mexanizmleri haqqinda lektsiya aytip beredi.

**10-shinig’iw. «Suwretti tezrek tap».**

Maqset: diqqat, qabil etiwdi, reaktsiyalar tezligin rawajlandiriw.

Oyinnin’ barisi: trener qatnasiwshilarg’a bir ren’nin’ atin aytadi ha’m oni o’zinin’ yaki doslarinin’ kiyimlerinen ha’m atraptag’i buyimlardan tawip uslaw kerekligi haqqinda buyriq beredi. Aytilg’an ren’lerdi tez ha’m qatesiz tawg’an qatnasiwshi jen’gen esaplanadi.

# Juwmaqlar ha`m a`meliy usinislar

Ha'r bir shan'araqtin' salamat boliwi olarda unamli psixologiyaliq iqlimnin' hu'kim su'riwi, mine usi ortaliqta dunyag'a kelip shaxs sipatinda qa'liplesip, son' o'zi jasap atirg'an ma'mlekettin' puqarasi sipatinda sol ma'mlekettin' ekonomikasi, sotsial o'mir rawajlaniwin ta'miynlewshi, sheshiwshi faktor bolg'an insan kamalatinda shan'araqtin' tutqan orni, a'hmiyeti u'lken bolip tabiladi.

Shan'araq nekenin' payda boliwina sebepshi faktorlardan biri ayniqsa, bizin' sharayatimizda, perzent tuwiliwi bolip tabladi. Perzentsiz shan'araqliq mu'nasibetlerdi ko'z aldimizg'a keltiriw qiyin.

Bala ata-anasinin' o'z- ara qarim-qatnasina qarap, o'miri dawaminda gu'zetip, bilip-bilmey olarg'a eleklep, tinishliqta, o'z-ara tatiwliqta jasawg'a u'yrense ajag'a-ini, ajapa-sin'lilerine qarap ja'miyettegi quramali o'z-ara qarim-qatnas halatlarinda o'zin qanday tutiwg'a u'yrenedi, o'mirdin' ma'nisin tu'sinip baradi, dunya qarasi, dunyaliq ha'm de diniy isenimleri qa'liplesiwide tap sol mu'nasibetler ta'sirinde ju'z beredi. Shan'araqtin' bala shaxsin qa'liplestiriw ha'm rawajlaniwindag'i orni ten'siz eken, shan'araq ag'zalari balalardin' psixikaliq rawajlaniwin ta'miynlew ushin shan'araqta salamat mu'nasibetler ortalig'in jaratiwlari lazim.

Balalarg'a shan'araqliq ta'sir etiwdin' "demokratik" ko'rinisi ushin to'mendegiler ta'n: balag'a ko'p na'rsege ruxsat beriledi, bala menen ko'p qarim-qatnas qilinadi, og'an isenim ha'm hu'rmet penen mu'nasibette bolinadi, ata-analar bolar-bolmas qadag'alawlardi qoymawg'a ha'reket qiladi, bunin' ornina olar balalarg'a shan'araqtag'i ta'rtip qag'iydalardi tu'sindiriwge intiledi, ilaji barinsha balalardin' sorawlarina juwap beriwge, olardin' qizig'iwshiliqlarin qandiriwg'a ha'reket qiladilar.

"Demokratik shan'araqlardin' perzentleri do'retiwshilikke meyil, liderlikke intiliwshen', konformizmdi (topar pikrine qaram boliwdi) inkar

etiwshi, sotsial mu’nasibetlerinde ko’birek emotsiyalardi seziwshi boladilar.

Shan’araqtag’i ortaliq jilli, ata-ana ha’m bala arasindag’i mu’nasibetler demokratik tiykarg’a qurilg’an bolsa, bala o’z ten’leslerinin’ arasinda toparda joqari oring’a kersinshe, salamat emes shan’araqta ta’rbiyalanip atirg’an balalar ju’da pa’s oring’a iye boladilar.

Mektepke shekemgi jastag’i balalardin’ psixologiyaliq rawajlaniwina shan’araqliq mu’nasibelerdin’ duris qa’liplesiwine to’mendegi faktorlarg’a baylanisli ekenligi aniqlandi:

1 Ata-analardin’ unamli is-ha’reketleri;

2 Balani jaqsi ko’riw ko’rinislerinin’ seziliwi;

3 Ata-analari ta’repinen balani kemsitpew.

Shan’araqtag’i psixologiyaliq iqlim, yag’niy balalar menen bolg’an qarim-qatnas xarakteri, olarg’a mexr-muxabbat, diqqat itibar menen mu’nasibette boliwi o’sip kiyatirg’an insan a’dep-ikramliliq ko’rinisinin’ qa’liplesiwinde ju’da’ ahmiyetli ro’l oynaydi, sonin’ ushin da barkamal awlad ta’rbiyasi aldin ala shan’araqtag’i ortaliqtin’ salamat boliwin talap etedi.

U’lkenler balanin’ qa’lewlerine, mustaqillig’ina qarsi turmastan, ilaji barinsha qa’lewlerine intiliwine ja’rdem berseler, onin’ shaxsin qa’liplestiriw protsesindegi qiyinshiliq o’z-o’zinen joq boladi.

## Paydalanilg`an a`debiyatlar


1. I.A.Karimov. «Barkamol avlod-O’zbekiston taraqqiyotining poydevori». Toshkent. «Sharq». 1998 y.
2. I.A.Karimov. «Barkamol avlod orzusi». Toshkent. «Sharq». 1999 y.
3. Karimov I.A.Yuksak ma’naviyat yengilmas kuch.T.2008
4. Karimov I.A. Bizdan ozod va obod Vatan qolsin.-Toshkent.: O’zbekiston.,1994. -301 b.
5. O`zbekstan Respublikasi «Ta`lim to`g`risida»gi Qonuni. T., 1997.
6. Davletchin M.G,Sh.Do’stmuhammedova, M.Mavlonov, S.Tuychieva Yosh davrlari va pedagogic psixologiya.T.2004.
7. Davletshin M.G taxriri ostida "Yosh psixologiyasi va pedagogik psixologiya" T. 1974 yil.
8. G’oziev E. Psixologiya.T.”O’qituvchi” nashiriyoti 2003. (darslik)
9. G’oziev E. Muomala psixologiyasi. T. 2001 .
10. G’oziev E. Tafakkur psixologiyasi. T. 1999.
11. G`oziev E.Psixologiya: Yosh davrlari psixologiyasi/ o`quv qo`llanma. - T.: O`qituvchi, 1994 y 224 b.
12. Shaumarov G’.B. Oila psixologiyasi
13. Karimova V.M.Ijtimoiy psixologiya asoslari T.2007.
14. Karimova V.M., Akramova F. Psixologiya. Ma`ruzalar matni. T. 2002.
15. Karimova V. Psixologiya. Oqiw qollanba. T. 2002.
16. Karimova V.M. ha`m t.b. «Mustaqil fikrlash» T. 2002 y.
17. Karimova V.M. Ijtimoiy psixologiya va ijtimoiy amaliyot» T., Universitet. 1994.
18. Maxsudova M. Umumiy psixologiya. (ma`ruzalar matni) N. 2002.
19. Maxsudova M. Oilaviy munosabatlar psixologiyasi. (uslubiy qo`llanma) N.2003.

20.Maxsudova M. Kurbonova Z. Umumiy psixologiya. N. (muammoli ma`ruzalar matni). 2004.

21.Maxsudova M. Muloqot psixologiyasi. (muammoli ma`ruzalar matni). N. 2004.

22.Nishanova Z.Alimova G. Bolalar psixologiyasi va uni o'qitish metodikasi T.2006

23.Nishanova Z.T. «Bolalar psixodiagnostikasi». T. 1998 y.

24.Nishanova Z. Psixik taraqqiyot diagnostikasi. - T.: 2004.

25.H.A.Do'stmuhammedova, Z.T.Nishanova, S.H.Jalilova, Sh.T.Karimova, Sh.T. Alimbaeva Yosh davrlari va pedagogic psixologiya T.2013.

26.Sunnatova R.I.Irgasheva N.G. Tadjieva S.X. Bola taraqqiyotini psixologik tashxis qilish.

27.Vigotskiy L.S. Pedagogicheskaya psixologiya / Pod.red.V.V.Davidova. – M.: Pedagogika,1991.-480 s.

28. Ijtimoiy psixologik treninglar praktikum. Farg`ona 2003.

29.Psixologik treninglar. Namangan 2002.

30.Andreeva G.M., «Sotsial`naya psixologiya», Uchebnik. M., 1999.

31.V.N.Petrovskiy. «Umumiy psixologiya» Tashkent 1996 y.

32.Z.Klicheva, A.Xamidova. «Jas ayirmashiliq ha`m pedagogikaliq psixologiya». No`kis 2003 j

33.Psixologiya metodikasi. Tashkent 2002 y.

34.E.I.Rogov. «Nastolnaya kniga prakticheskogo psixologa». Moskva 1999 g.

35. Nemov R.S. «Prakticheskaya psixologiya». Moskva 2001 y.

Internet saytlar

www. Zadary.freenet.uz.

www.ziyonet.uz

http://www.erudition.ru/referat/printref/id.36754_1.html

http://www.novsu.ru/file/919552

**A’jiniyaz atindag’i No’kis ma’mleketlik pedegogikaliq instituti**

Fakul’tet- Pedagogika
Talaba- Allamuratova Mexriban
Kafedra- pedagogika ha’m psixologiya
Ilimiy basshi- Sh.B.Saparov
Oqiw jili- 2014-2015

**Bakalavr pitkeriw qa’nigelik jumisi temasi:**
“**Mektepke shekemgi jastag’i balalardin’ psixologiyaliq rawajlaniwina shan’araqliq mu’nasibetlerdin’ ta’siri**”.

## ANNOTATSIYA

**Temanin’ aktuallig’i:**
Mektepke shekemgi jastag’i balalardin’ psixikaliq rawajlaniwina shan’araqliq mu’na’sibetlerdin’ ta’sirin ha’r ta’repleme u’yreniw temanin’ aktualig’in ko’rsetedi.

Biz perzentlerimizdin’ fiziologiyaliq jaqtan salamat boliwi menen birge, intellektual bilimlerge iye bolg’an, toliq rawajlang’an insanlar bolip, XXI a’sir talaplarina juwap beretug’in nawqiran awlad kamalg’a keliwi ushin za’ru’r imkaniyat ha’m sharayatlardi jaratiwdi o’z aldimizg’a maqset etip qoyg’anbiz. Sonday eken, ha’zirgi da’wirde aqilli, dunya bilimlerin teren’ iyelegen aqliy ta’repten jetik, fiziologiyaliq ta’repten salamat, dunya gozzalliqlarin seze alatug’in, erkin do’retiwshi shaxsti qa’liplestiriw tiykarg’i wazipalarimizdan esaplanadi. Sonin’ menen birge, mektepke shekemgi jastag’i balalardin’ psixikaliq rawajlaniwina shan’araqliq mu’nasibetlerdin’ ta’sirin shuqirraq u’yreniw temanin’ aktuallig’in ha’m a’hmiyetin ko’rsetedi.

**Izertlew jumisinin’ maqseti:** Mektepke shekemgi jastag’i balalardin’ psixologiyaliq rawajlaniwina shan’araqliq mu’nasibetlerdin’ ta’sirinin’ psixologiyaliq ha’m sotsial ta’replerin u’yreniw, baha beriw, Mektepke shekemgi jastag’i balalardin’ psixologiyaliq rawajlaniwina shan’araqliq mu’nasibetlerdin’ ta’sirin aniqlawg’a baylanisli bolg’an metodlardi belgilew ha`m oni ma`mleketlik a`meliyat da`wirindegi ta`jiriybem de sinap ko`riw ha`m baqlag`anlarim, sinap ko`rgenlerim boyinsha tiyislisinshe a`meliy usinislardi islep shig`iwdan ibarat.

**Izertlewdin’ ob’ekti**: Mektepke shekemgi jastag’i balalar.

**Izertlewdin’ predmeti:** Mektepke shekemgi jastag’i balalardin’ psixologiyaliq rawajlaniwina shan’araqliq mu’nasibetlerdin’ ta’sir etiw ha’m qa’liplesiw mexanizmleri.

**Izertlewdin’ metodologiyaliq tiykari:** I.A.Karimovtin’ balalar ta’rbiyasina baylanisli miynetleri, shig’is oyshillarinan Abu Rayhon Beruniy, Abu Ali Ibn Sino, Kaykovus, Alisher Nawayi siyaqli oyshillardin’ qatar miynetleri, L.S.Vigotskiydin’ “Joqari psixikaliq funksiyalar qa’liplesiwi haqqindag’i nizami”, A.N.Leontyev” xizmet teoriyasi”, o’zbek psixologlari G’.Shaumarov, E.G’oziev, Z.Nishanova, R.Sunnatovalardin’ mektepke shekemgi jastag’i balalar haqqindag’i teoriyaliq qaraslari sonday–aq «Bilimlendiriw haqqinda»g`i Nizam ha`m «Kadrlar tayarlaw milliy da`stu’ri» ha`m t.b. tiykar qilip alindi.

**Izertlewdin’ maqsetinen kelip shiqqan halda to’mendegi waziypalardi orinlaymiz:**

- Mektepke shekemgi jas da’wri haqqinda teoriyaliq qaraslardi ha’mde emperik mag’liwmatlardi analiz qiliw.
- Bag’darlang’an metodlar arqali mektepke shekemgi jastag’i balalardin’ psixologiyaliq rawajlaniwina shan’araqliq mu’nasibetler ta’sirinin’ qanday qa’lipleskenligin aniqlaw.
- Empirik jol menen aling’an mag’liwmatlardi qayta islew.
- Aling’an na’tiyjeler tiykarinda tiyisli juwmaqlardi shig’ariw ha’m a’meliy usinislardi islep shig’iw.

**Izertlew metodlari:**

A.Ya.Varga ha’m V.V.Stolinnin’ “Pedagog ha’m ata-analardin’ balalarg’a mu’nasibeti” test sorawnamasi, G.Xomentaskas ta’repinen islep shig’ilg’an taniqli “Shan’araq suwreti” testi, baqlaw, gu`rrin`, anketa, matematikaliq modellestiriw metodlari sipatinda baspa so`z materiallari u`yrenildi.

**Izertlew jumisinin’ gipotezasi:** Mektepke shekemgi jastag’i balalardin’ psixologiyaliq rawajlaniwina shan’araqliq mu’nasibetler ta’siri haqqinda ha’r qiyli sa’wbetler, ushrasiwlar, sotsial psixologiyaliq treningler ha’m metodikalar o’tkeriw o’z na’tiyjesin beriwi mu’mkin.

**Izertlewdin’ teoriyaliq a’hmiyeti:** Bunda shan’araqta ata-analardin’, shan’araq ag’zalarinin’ mektepke shekemgi jastag’i balalari menen bolatug’in mu’nasibetlerin o`nimli paydalana biliwge a`detlendiriw mashqalasi, bul iste ku`ndelikli basilma ha`m internet materiallarinan paydalaniw ma`seleleri, mektepke shekemgi jastag’i balalardin’ psixologiyaliq rawajlaniwina shan’araqliq mu’nasibetlerdin’ ta’siri ha`r ta`repleme ko`rip shig`iladi, salistiriladi

**Izertlewdin’ a’meliy a’hmiyeti:** Bunda aling`an baspa so`z materiallari ha`m gu`rrin`lesiw, baqlaw, anketa sorawlarina aling`an juwaplardi tallaw materiallarina tiykarlana otirip juwmaq jasaladi. Bul, o`z gezeginde ata-analardin’ mektepke shekemgi jastag’i balalari menen bolatug’in munasibetlerin mazmunli o`tkeriw islerine qolayli imkaniyatlar jaratip beriwine mu`mkinshilik tuwdirip beredi.

**Izertlew jumisinin’ du’zilisi:**

Uliwma 60 betten ibarat bolip, ol kirisiw, eki bap, juwmaqlaw, qosimshalar ha`m paydalanilg`an a`debiyatlar ko`rsetkishlerinen ibarat. Jumisimizda paydalanilg`an a`debiyatlar sani 35 atamani quraydi.

**Juwmaq ha’m usinislardin’ qisqasha uliwmalastirilg’an ko’rinisi:**

Uliwmalastirip aytatug’in bolsaq Mektepke shekemgi jastag’i balalardin’ psixologiyaliq rawajlaniwina shan’araqliq mu’nasibelerdin’ duris qa’liplesiwine to’mendegi faktorlarg’a baylanisli ekenligi aniqlandi:

1 Ata-analardin’ unamli is-ha’reketleri;

2 Balani jaqsi ko’riw ko’rinislerinin’ seziliwi;

3 Ata-analari ta’repinen balani kemsitpew.

Bu’gingi ku’nde shaxs qa’liplesiwinde, onin’ kamalg’a jetiwinde ruwxiy ta’sirdin’ a’hmiyeti, na’tiyjesi joqari ekenligi tek a’meliy emes, ba’lki ilimiy ta’reptende aniqlang’an.

U’lkenler balanin’ qa’lewlerine, mustaqillig’ina qarsi turmastan, ilaji barinsha qa’lewlerine intiliwine ja’rdem berseler, onin’ shaxsin qa’liplestiriw protsesindegi qiyinshiliq o’z-o’zinen joq boladi. Shan’araqta ha’m baqshada shaxslar ara mu’nasibetler ilimiy tiykarg’a qurilip, aqilana qag’iydag’a su’yenilse ha’m pedagogikaliq a’dep shen’berinen shetke shig’ilmasa, joqarida aytilg’an kelispewshilikler ju’zege keliwi mu’mkin emes.

Ilimiy basshi: ps.i.k. dots. CH.Saparov

Talaba: M.Allamuratova

A'jiniyaz atindag'i No'kis ma'mleketlik pedagogikaliq instituti, pedagogika fakultetinin' "Pedagogika ha'm psixologiya" bag'darinin' 4-kurs talabasi Allamuratova Mexribannin' «Mektepke shekemgi jastag'i balalardin' psixologiyaliq rawajlaniwina shan'araqliq mu'nasibetlerdin' ta'siri» atli temada jazg'an pitkeriw qanigelik jumisina

RETSENZIYA

Talaba Allamuratova Mexribannin' "Mektepke shekemgi jastag'i balalardin' psixologiyaliq rawajlaniwina shan'araqliq mu'nasibetlerdin' ta'siri" atli temada jazg'an pitkeriw qanigelik jumisi menen tanisip shiqtim. Bul bag'dar bugingi ku'nde a'hmiyetli bolip tabiladi.

Ha'r bir shan'araqtin' salamat boliwi olarda unamli psixologiyaliq iqlimnin' hu'kim su'riwi, mine usi ortaliqta dunyag'a kelip shaxs sipatinda qa'liplesip, son' o'zi jasap atirg'an ma'mlekettin' puqarasi sipatinda sol ma'mlekettin' ekonomikasi, sotsial o'mir rawajlaniwin ta'miynlewshi, sheshiwshi faktor bolg'an insan kamalatinda shan'araqtin' tutqan orni, a'hmiyeti u'lken bolip tabiladi. Shan'araqtag'i psixologiyaliq iqlim, yag'niy balalar menen bolg'an qarim-qatnas xarakteri, olarg'a mexr-muxabbat, diqqat itibar menen mu'nasibette boliwi o'sip kiyatirg'an insan a'dep-ikramliliq ko'rinisinin' qa'liplesiwinde ju'da' ahmiyetli ro'l oynaydi, sonin' ushin da barkamal awlad ta'rbiyasi aldin ala shan'araqtag'i ortaliqtin' salamat boliwin talap etedi.

Talaba Allamuratova Mexriban o'z pitkeriw qanigelik jumisinda da'wir talabinin' aktual mashqalalarinan birin ko'rsetken. Jumis 3 bo'limnen ibarat: kirisiw, tiykarg'i bo'lim ha'm juwmaqlaw. Kirisiw bo'liminde izertlewdin' predmeti, ob'ekti, maqset ha'm wazipalari berilgen. Tiykarg'i bo'liminde 2 bapqa bo'lingen bolip, birinshi babi «Mektepke shekemgi jastag'i balalardin' psixologiyaliq rawajlaniwi nizamliqlarinin' alimlar ta'repinen u'yreniliwi», «Mektepke shekemgi jastag'i balalardin' psixologiyaliq o'zgeshelikleri», «Balanin' shaxs bolip qa'liplesiwinde shan'araqliq mu'nasibetlerdin' orni». Ekinshi babi «Mektepke shekemgi jastag'i balalardin' psixologiyaliq rawajlaniwina shan'araqliq mu'nasibetlerdin' ta'sirin esperimental u'yreniw» dep atalg'an bolip, Mektepke shekemgi jastag'i balalardin' psixologiyaliq rawajlaniwina ta'sir etiwshi shan'araqliq mu'nasibetlerdin' psixodiagnostikasi, balanin' psixologiyaliq rawajlaniwina ta'sir etiwshi shan'araqliq mu'na'sibetlerdi aniqlaw metodikasi, balalardin' psixologiyaliq rawajlaniwina ta'sir etiwshi shan'araqliq mu'nsibetlerdi rawajlandiriwshi treningler haqqinda tu'sinikler ha'm usinislar berip o'tilgen. Juwmaqlawshi bo'liminde izertlewdin' juwmag'i, o'z pikirleri ha'm usinislari berilgen. Jumistin' aqirinda paydalanilg'an a'debiyatlar dizimi ko'rsetilgen.

Pitkeriwshi qa'niygelik jumisi, qa'nigelik bakalavr jumislarina qoyilg'an talaplarg'a toliq juwap beredi, yag'niy ol teoriyaliq ha'm a'meliy a'hmiyetke iye, oni ilimiy miynet sipatinda qorg'awg'a usinis etemen ha'm **jaqsi** bahasina bahalayman.

Psixologiya ilimleri kandidati: K.Tleumbetova.

No'kis qalasi, 2015

Ajiniyaz atindag'i No'kis Ma'mleketlik pedagogika instituti
Pedagogika fakultetinin'4 – kurs talabasi Allamuratova Mexribannin'
«**Mektepke shekemgi jastag'i balalardin' psixologiyaliq rawajlaniwina shan'araqliq mu'nasibetlerdin' ta'siri**» temasinda jazilg'an bakalavr pitkeriw qa'nigelik jumisina

## PIKIR

Ha'r bir shan'araqtin' salamat boliwi olarda unamli psixologiyaliq iqlimnin' hu'kim su'riwi, usi ortaliqta dunyag'a kelip shaxs sipatinda qa'liplesip, son' o'zi jasap atirg'an ma'mlekettin' puqarasi sipatinda sol ma'mlekettin' ekonomikasi, sotsial o'mir rawajlaniwin ta'miynlewshi, sheshiwshi faktor bolg'an insan kamalatinda shan'araqtin' tutqan orni, a'hmiyeti u'lken bolip tabiladi. Shan'araqtag'i psixologiyaliq iqlim, yag'niy balalar menen bolg'an qarim-qatnas xarakteri, olarg'a mexr-muxabbat, diqqat itibar menen mu'nasibette boliwi o'sip kiyatirg'an insan a'dep-ikramliliq ko'rinisinin' qa'liplesiwinde ju'da' ahmiyetli ro'l oynaydi, sonin' ushin da barkamal awlad ta'rbiyasi aldin ala shan'araqtag'i ortaliqtin' salamat boliwin talap etedi.

Sonday qilip, joqarida aytilg'anlardin' ha'mmesi biz tan'lag'an pitkeriw qa'nigelik jumisinin' za'ru'rligin ha'm a'hmiyetliligin ko'rsetedi.

Talaba Allamuratova Mexriban o'z pitkeriw qanigelik jumisinda da'wir talabinin' aktual mashqalalarinan birin ko'rsetken. Jumis 3 bo'limnen ibarat: kirisiw, tiykarg'i bo'lim ha'm juwmaqlaw. Kirisiw bo'liminde izertlewdin' predmeti, ob'ekti, maqset ha'm wazipalari berilgen. Tiykarg'i bo'liminde 2 bapqa bo'lingen bolip, onin' «Mektepke shekemgi jastag'i balalardin' psixologiyaliq rawajlaniwi nizamliqlarinin' alimlar ta'repinen u'yreniliwi» dep atalg'an birinshi babimiz u'sh paragraftan ibarat. «Mektepke shekemgi jastag'i balalardin' psixikaliq rawajlaniwi nizamliqlarinin' alimlar ta'repinen u'yreniliwi », «Mektepke shekemgi jastag'i balalardin' psixologiyaliq o'zgeshelikleri», «Balanin' shaxs bolip qa'liplesiwinde shan'araqliq mu'nasibetlerdin' orni». «Mektepke shekemgi jastag'i balalardin' psixologiyaliq rawajlaniwina shan'araqliq mu'nasibetlerdin' ta'sirin esperimental u'yreniw» dep atalg'an ekinshi babimiz u'sh paragraftan ibarat bolip, Mektepke shekemgi jastag'i balalardin' psixologiyaliq rawajlaniwina ta'sir etiwshi shan'araqliq mu'nasibetlerdin' psixodiagnostikasi, balanin' psixologiyaliq rawajlaniwina ta'sir etiwshi shan'araqliq mu'na'sibetlerdi aniqlaw metodikasi, balalardin' psixologiyaliq rawajlaniwina ta'sir etiwshi shan'araqliq mu'nsibetlerdi rawajlandiriwshi treningler haqqinda tu'sinikler ha'm usinislar berip o'tilgen.

Pitkeriwshi qa'niygelik jumisi, qa'nigelik bakalavr jumislarina qoyilg'an talaplarg'a toliq juwap beredi, oni ilimiy izertlew sipatinda massaliq qorg'awg'a usinaman. Joqarida qaytalang'anlardin' ha'mmesin esapqa alg'an halda ha'm ilimiy basshi sipatinda men jumisti jaqsi dep – «4» bahasina bahalayman.

Ilimiy basshi: ps.i.k. dots. Saparov Sh.B.

No'kis – 2015jil